ФIЫФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№49-50 (22.708) ● 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

## Егъэлеин хуэмейуэ къалъытэ



**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и IэнатIэ нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар.**

«УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ и Уголовно-процессуальнэ кодексым и 162-нэ статьям и еханэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм япэ къеджэгъуэу къищта федеральнэ законопроектым, абы хэлъхьэжыпхъэу къалъытэ зэхъуэкIыныгъэу КъБР-м и Парламентым Законым тетынымкIэ, хабзэр хъумэнымкIэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и комитетым игъэхьэзырахэм хэплъэри, КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм къалъытащ а зэхъуэкIыныгъэхэр дэIыгъыпхъэу икIи депутатхэр елэжьын папщIэ яхуегъэхьын хуейуэ.

- Мы законопроектым къегъэув япэкIэ прокурорым къызэтригъэувыIа, зыхэплъэн хуэмейуэ къилъыта е къызригъэгъэзэжа уголовнэ Iуэхур, ар зэхэгъэкIынымкIэ следствиер зэрекIуэкIа зэманыр къэмылъытауэ, аргуэру елэжьын папщIэ пIалъэ пыухыкIа хуэгъэувын хуейуэ. Дэ къыдолъытэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэм уголовнэ Iуэхум хиубыдэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэпиуду, Урысей Федерацэм и Уголовно-процессуальнэ кодексым и 6.1-нэ статьями судыр екIуэкIын папщIэ хуэфэщэн пIалъэ хухэхыным теухуауэ иубзыхухэм емызэгъыу, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Законым тетынымкIэ, хабзэр хъумэнымкIэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэшорэ Хьэмид.

Парламентхэм яку дэлъ зэдэлэжьэныгъэм хиубыдэу зэIущIэм щыхэплъащ муниципальнэ къулыкъу, коррупцэм пэщIэтыным, апхуэдэу УФ-м Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ нэгъуэщI субъектхэм я парламентархэм къагъэхьа жэрдэмхэм.

Къапщтэмэ, апхуэдэ жэрдэмхэм ящыщ зыщ лэжьыгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэ щыIэ хабзэхэм тету лэжьакIуэм зэрырамыщIылIам къыхэкIыу административнэ тезыру ирагъэпшын ахъшэм хэгъэхъуэным хуэгъэзар. Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Арсен жиIащ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ УФ-м Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым хэлъхьэныр егъэлеяуэ икIи хабзэншагъэхэр гъэмэщIэнымкIэ сэбэп мыхъуну езыр зи пашэ комитетым къызэрилъытэр.

- Дэ дызэреплъымкIэ, административнэ къуаншагъэ зылэжьам зэретхьэкъур лъабжьэ тэмэмым тету икIи цIыхухэм къаIэрыхьэ хэхъуэр зыхуэдизым елъытауэ щытын хуейщ. Административнэ тезырхэр егъэпшынынымкIэ лэжьыгъэм и екIуэкIыкIэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, нэхъыщхьэ дыдэр къуаншагъэу къыщIагъэщхэм я бжыгъэр зыхуэдизыркъым, атIэ ахэр зэрагъэзэкIуэжырщ. Административнэ тезырыр бгъэткIий къудейкIэ узыхущIэкъу мурадыр зэбгъэхъулIэфынукъым, - жиIащ Мэремыкъуэ Арсен. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ къуаншагъэ зылэжьахэм зэретхьэкъу ахъшэм хагъэхъуэху ахъшэу къыхэкIыр нэхъ мащIэ мэхъу. ЦIыхухэм ящыщу процент 16-рщ къызэретхьэкъуа ахъшэр текъузэныгъэ хэмылъу зытыр.

- Мис а псори къилъытауэ, ди комитетым жеIэ дызытепсэлъыхь проектыр зэрыфIэмытэмэмыр икIи ар зэрыдимыIыгъыр, - псалъэм и кIэухыу жиIащ Мэремыкъуэ Арсен.

Депутатхэм даIыгъа жэрдэмхэм ящыщщ Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 14.1.2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Амур областым Законхэр къыдэзыгъэкI и Зэхуэсым къигъэхьар. Ар зытеухуар транспортым ехьэлIа хьэрычэт лэжьыгъэ лицензэ ямыIэу езыгъэкIуэкIхэр административнэ жэуапым ешэлIэнырщ.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ хуит зэращI тхылъхэр къыIахыжа нэужь, лэжьэн щагъэтыжыркъым. Абыхэм автомобиль псынщIэхэмкIэ цIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хьэлъэхэмрэ кърашэкI, ауэ бюджетым ахъшэ халъхьэркъым. Абы къыдэкIуэу транспортыр зезыгъакIуэ цIыхухэр гъуэгу щытехьэм деж абыхэм я узыншагъэр зыми къипщытэркъым, къагъэсэбэпыну транспортым и щытыкIэми кIэлъыплъ щыIэкъым.

- Федеральнэ законым и проектыр зыхуэунэтIар хабзэм къемызэгъыу хьэрычэт IуэхукIэ транспортыр зыгъэлажьэхэм яхь жэуапыр гъэткIийнырщ, апхуэдэу гъуэгурыкIуэхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэнырщ, - жиIащ ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI КъуэщIысокъуэ Юрий.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан зэIущIэм къыщеджащ Украинэм щытыкIэ гугъу зэрыщызэтеувам къыхэкIыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и органхэм зэрызахуигъазэр.

Апхуэдэу Президиумым хэтхэм унафэ къащтащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м зэхуэгъэсыным теухуауэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Правительствэм

## КъалэнхэмIзэрехъулIэмрэ дяпэкIэ къапэщытхэмрэ

**КъБР-м и премьер-министр Храмов Константин гъатхэпэм и 13-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуи 9 щызэпкърахащ. Ар къыщызэIуихым Правительствэм и УнафэщIым къигъэлъэгъуащ «Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ къалэнхэм зэрехъулIэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмрэ къэлъытэнымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ советым и IуэхукIэ» положенэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ республикэм и Iэтащхьэм и указым и проект зэрагъэхьэзырар икIи мы зэман гъунэгъум абы къэру зэригъуэтынур.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий ищIа пщэрылъым тету, зэхыхьэм япэу щыхэплъащ 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа указхэм ящыщу плIыр гъэзэщIа зэрыхъум.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мусуков Алий къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ «ПIалъэ кIыхьым тещIыхьа къэрал экономикэ политикэм и IуэхукIэ» УФ-м и Президентым и Указ №596-р республикэм зэрыщагъэзащIэм.

- Абы ипкъ иткIэ, зыхуэфащэ тхылъхэр дгъэхьэзырауэ лэжьыпхъэхэр къызыдогъэпэщ. Къапщтэмэ, нэгъабэ лэжьапIэ IэнатIэщIэу миным щIыгъу къызэIутхащ, 2018 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр мини 8-м нэдгъэсыну ди мурадщ. А къалэныр уней хьэрычэтыщIэхэм я хьэкъкIи зэдгъэхъулIэнущ. Республикэм и социальнэ IэнатIэхэм я экономикэм зегъэужьыным илъэс кIуам инвестицэу сом мелард 22-м щIигъу хэтлъхьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ мылъкум я къыхэкIыпIэу 7 къэдгъэсэбэпащ. Ар ВРП-м и процент 21,7-рэ мэхъу. Технологие лъагэхэмрэ щIэныгъэмрэ тещIыхьа экономикэм и IэнатIэхэм 2012 гъэм продукцэу къатар валовэ щIыналъэ продуктым и процент 12,5-м нос. 2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ комплексым зэрызиужьынум и къэрал программэр къэтщтащ, абы и предприятэхэм инновацэ проектхэр щагъэзащIэ. 2018 гъэм ирихьэлIэу лэжьыгъэм хьеру къитым хуэдэ 1,5-кIэ хэхъуэну дыщогугъ, - жиIащ къэпсэлъам. - ПIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ ди республикэм зэрызиужьынум и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм щыубзыхуахэр зэдгъэхъулIэмэ, инвестицэ нэхъыбэ тхузэщIэгъэуIуэнущ, дубзыхуахэм далъэIэсынущ. Ахэр тхылъкIэ щIэдгъэбыдащ. Псалъэм папщIэ, ди щIыналъэм къэрал программэ 24-рэ щагъэзащIэ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий ищIа пщэрылъым тету, социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ 2014 - 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрыту зэрызиужьынум и планыр зэхэтлъхьащ. Абы хохьэ УФ-м и Президентым и Указ №596-м къигъэувхэри.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Законопроектхэр

ТЕМИРЖАНОВ Махъты:

## ЩIыпIэ самоуправленэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыпхъэщ

**Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ, «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэ» ассоциацэм и унафэщIым и къуэдзэ Темиржанов Махъты зэрыжиIамкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и гъэпсыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ фракцэ зэмылIэужьыгъуэхэм я депутатхэм Къэрал Думэм ирата законопроектым муниципальнэ властымрэ цIыхубэмрэ нэхъ гъунэгъу зэхуищIыну щогугъ.**

- КЪЭРАЛЫМ и унафэхэр муниципальнэ районхэми я деж къэсу зэрыхагъэхъуар нобэкIэ нэхъ езэгърабгъуу къызолъытэ. КъызэрысщыхъумкIэ, а зы Iыхьэ закъуэм иджырей щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъуухэр хелъхьэ. Ар куэд щIауэ дызыхуей Iуэхути, иджы щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр абы иригъэфIэкIуэну дыщогугъ. «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэ» ассоциацэм и цIэкIэ, апхуэдэу си щхьэкIэ законопроектым арэзы сытохъуэ икIи ар дызоIыгъ. Властым къыбгъэдэкIыу хуитыныгъэшхуэ зыгъуэта муниципалитетхэм цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр иджы нэхъ псынщIэу зэфIахыну сыщогугъ, - къыхигъэщащ Темиржанов Махъты.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, щIыпIэ самоуправленэм и убзыхукIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хуэщIыным теухуа законопроектыр Къэрал Думэм къыщыхэзылъхьар фракцэ зэмылIэужьыгъуэхэм я депутатхэрщ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, къалэ округ инхэр муниципальнэ щIыналъэ лIэужьыгъуитIу зэщхьэщыхыпхъэщ.

**АРУАН Алий.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Сайтхэм йобгъэрыкIуэ

**УФ-м и Президентым и официальнэ сайтыр дыгъуасэ сыхьэт зыбжанэкIэ лэжьакъым, абы хакерхэр зэребгъэрыкIуам къыхэкIыу.**

Къэрал УнафэщIым и администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, IэщIагъэлIхэм, гугъу дехьами, зэман куэд дыдэ трамыгъэкIуадэу сайтым и лэжьыгъэр зэтраухуэжащ икIи апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм дяпэкIэ щахъумэным хуэунэтIа «мэIухэри» ягъэуващ.

«Апхуэдэ лъэщагъ иIэу нэхъапэм ди сайтым зыри къебгъэрыкIуакъым, - щыжаIащ Кремлым. - ИкIи ди закъуэкъым зи лэжьыгъэр зэблагъэуну хэтар. Хакерхэр нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я компьютерхэми зэран хуэхъуащ».

УФ-м и Банк Нэхъыщхьэми, Япэ каналми, нэгъуэщI телевиденэ, газет зыбжанэми я компьютер IэщIагъэлIхэр дыгъуасэ елIэлIэн хуей хъуащ хакерхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжыным.

### Толъкъунхэм я къарур къагъэсэбэп

**Хыхэм, тенджызхэм я толъкъунхэм я къарур цIыхум къигъэсэбэпу хъуным куэд къэмынэжауэ къалъытэ Калифорние университетым (США) и щIэныгъэлIхэм.**

«Дыгъэр къухьэжа, жьапщэри нэхъ сабырыжа нэужьи толъкъунхэр Iуфэм къызэрохь. Ар цIыхум и фейдэ хэлъу къэгъэсэбэпыным иджыпсту долэжь, - жеIэ университетым и лэжьакIуэ Алам Реза. - Дунейпсо хым къаруушхуэ хэлъщ икIи цIыхур кIуэ пэтми нэхъыбэу зыхуэныкъуэ хъу электрокъарур апхуэдэ щIыкIэкIэ къэлэжьыным гъащIэм дрегъэувалIэ. КъимыдэкIэ, хы Iуфэхэм IуащIыхь къалэхэри нэхъыбэ хъуащ икIи ахэр электрокъарукIэ а псы дыдэм къызэригъэпэщыжу Iуэхур зэтеублэн хуейщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм зэран хуэхъу, шынагъуэшхуэ къызыпкърыкI станцхэр пщIы нэхърэ куэдкIэ нэхъ губзыгъагъэщ толъкъунхэр электрокъарум хуэгъэкIуэныр».

### Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 15, *щэбэт***

♦**ЩэхуакIуэм и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Беларусь Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦ПIалъэкIэ щыIэ Правительствэм и орган 1917 гъэм Тэрч къыщызэрагъэпэщащ.

♦1924 гъэм «Пионер» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и япэ номерыр къыдэкIащ.

♦Гъатхэпэм и 15 - 22-хэм Фэрбенкс (США) щекIуэкIынущ XXIII Арктикэ ЩIымахуэ Джэгухэр. Абы щызэпеуэнущ дунейм и ищхъэрэ щIыналъэм хиубыдэ къэралхэм щыщ спортсмен минитIым нэблагъэ. 2006 гъэ лъандэрэ УФ-м и цIэкIэ а зэхьэзэхуэхэм хэтщ Ямало-Ненецкэ автоном округым щыщ спортсменхэр.

♦Адыгэхэм я цIыхубэ лIыхъужь **Къылыш СулътIан-Джэрий** къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦Адыгэ драматург, актрисэ, критик **Натхъуэ Долэтхъан** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бондарев Юрий** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Иорданием щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, Амман щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм илъэс куэд хъуауэ и тхьэмадэ, сенатор **Къардэн Самир** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 9 - 11, жэщым щIыIэр 1 градусым щынэсынущ.

**Гъатхэпэм и 16, *тхьэмахуэ***

♦**Планетарийхэм я дунейпсо махуэщ**

♦Москва трамвай гъуэгу ухуэн 1895 гъэм щыщIадзащ.

♦1936 гъэм Горький автозаводым япэ автомобиль псынщIэр - «М-1»-р - къыщIигъэкIащ.

♦Гвинея-Бисау Республикэм президент, парламент хэхыныгъэхэр щокIуэкI.

♦УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 16, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 17, *блыщхьэ***

♦1805 гъэм Дельпоццо И. П. Къэбэрдейм и пристав нэхъыщхьэу къагъэкIуащ.

♦Тэрч областым щыпсэу лъэпкъхэм я 11 съездыр 1918 гъэм къызэIуахащ.

♦2013 гъэм Абу-Даби (Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр) щаутIыпщащ дыгъэм и къарукIэ лажьэ электростанцхэм ящыщу дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэр.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI **Дыгъужь Мыхьмуд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм уэшх къыщешхынущ, хуабэр градуси 3 - 9 щыхъунущ; жэщым уэс къыщесынущ, щIыIэр градуси 3-м щынэсынущ.

*Зыгъэхьэзырар* ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

## Лъэпкъым и псэ

● Дыгъуасэ



**Кэнжэ и хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.**
*Сурэтыр* **Мамий Руслан** трихащ.

**Ди лъэпкъэгъуу дунейм тет псоми гъатхэпэм и 14-м зэдыдогъэлъапIэ Адыгэ тхыбзэм и махуэр. Абы теухуа зэхыхьэ гуапэ дыгъуасэ щекIуэкIащ Кэнжэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм. IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ пшыхьым хэтащ ди анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ, абы и нобэрей щытыкIэмрэ къэкIуэнумрэ игъэпIейтей хэкупсэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ кърагъэблэгъа хьэщIэ лъапIэхэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ егъэджынымрэ методикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **Инчы Иринэ**, КъАХ-м и Аруан къудамэм и тхьэмадэ **КъущхьэтIу Хьэутий**, ЩоджэнцIыкIу Алий и фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид**, анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджынымкIэ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ, адыгэбзэм и макъ жыгъырухэр республикэпсо, къэралпсо утыкухэм щызыгъэIуфа егъэджакIуэхэр, къуажэм дэс нэхъыжьыфIхэр, нэгъуэщIхэри.

Бзэр хъумэнымкIэ, абы адэкIи зегъэужьыным хуэунэтIауэ анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм фIыщIэ щыхуащIащ зэхуэсым. Абыхэм иратащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр.

Адыгэ тхыбзэм и махуэшхуэм иращIэкIа гуфIэгъуэ пшыхьыр адыгэ уэрэдхэмрэ лъэпкъ къафэхэмкIэ ягъэдэхащ Кэнжэ дэт курыт школ №20-м и еджакIуэ цIыкIухэм.

ЗэIущIэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Еджэным щIадзэж

**Аруан районым хыхьэ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм и курыт школыр гъатхэпэм и 13-м къызэIуахыжащ. Ар зэхуащIауэ щытащ хлорым къыпкърыкIа гъуэзыр я узыншагъэм зэран хуэхъуу а еджапIэм и сабий гуп сымаджэщым зэрыщIэхуам къыхэкIыу.**

- ПIАЛЪЭКIЭ еджапIэр зэрымылэжьар зэран хуэхъунукъым ныбжьыщIэхэм школ программэр ятыным, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр гъатхэ зыгъэпсэхугъуэхэми еджэнущ, - жиIащ Аруан район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Жэмыхъуэ Сражудин.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы зэманым еджакIуэ 79-м я узыншагъэр щызэтрагъэувэж Ставрополь крайм хыхьэ Железноводск къалэм дэт санаторэм.

Шэрэдж Ищхъэрэ дэт курыт школым и унафэщI Къуэжьокъуэ Хъусен и IэнатIэм IуагъэкIащ зэрихьэ къулыкъум зэрыхуэфащэр зэхагъэкIыху. ЕджапIэм и унафэщI къалэныр пIалъэкIэ егъэзащIэ школым и директорым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Темрокъуэ Людмилэ.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**

● Банк Iуэху

## Накъыгъэм и 31 пщIондэ

**Мы гъэм гъатхэпэм и 11-м щегъэжьауэ къыхалъхьа IуэхущIэм зэрыщыубзыхуам хуэдэу, унэщIэхэри хэту, псэупIэ къэзыщэхуну хуей псоми ХъумапIэ банкым яхуегъэлъагъуэ ди ахъшэмкIэ илъэсым проценти 10,5-рэ фIэкIа темыхьэу ипотекэ щIыхуэ къызэращтэ хъуну Iэмалыр.**

- ИПОТЕКЭМ хыхьэхункIэ щхьэщытыкIыпхъэр ящхьэщыдох, апхуэдэу абы хуэзэ процентым и пункт 1,5-м къыщыщIэдзауэ 3-м нэс яхукIэрыдогъэху. Акцэм ипкъ иткIэ, псэупIэм хуэзэм и процент 50-м мынэхъ мащIэр пэщIэдзэ взносу халъхьэн хуейщ. ЩIыхуэр нэхъыбэ дыдэу мазэ 60-кIэ еттынущ, тхылъхэр (заявкэхэр) накъыгъэм и 31 пщIондэ къеIытхынущ,- къыджиIащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ХъумапIэ банкым и щIыхуэ къызэращтэм цIыхухэм пщIэ лей щIатыркъым.

*«Урысейм и ХъумапIэ банк» ОАО-м и щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ПфIэмащIэр хьэщIэ Iусщ.**

■ Щэнхабзэ ■ Литературэ ■ Малъхъэдис
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ, радио нэтынхэр Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Спорт

## Терорым пэщIэтынымкIэ хабзэр щхьэщахыж

КъБР-м и оперативнэ штабым къызэритымкIэ, цIыхухэм я гъащIэм, узыншагъэм хуэгъэза шынагъуэ, апхуэдэу цIыхухэм я сэбэп зыхэлъ адрей хуитыныгъэхэр къызэпызыудын шынагъуэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу, Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI генерал-майор Кменный Л.С. унафэ къищтащ Налшык къалэ округым и щIыналъэ пыухыкIам 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 15-м щегъэжьауэ терорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм и хабзэу щагъэуваууэ щытар щхьэщыхыжыным теухуауэ. А унафэм къару игъуэтащ 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 30-м щегъэжьауэ.

*КъБР-м и оперативнэ штаб.*

● ЗэIущIэхэр

# Сабий гъэсапIэхэм ехьэлIауэ

**Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIа зэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ. «Сабий гъэсапIэхэм щрагъэгъуэт щIэныгъэр щIэм тету къызэрызэгъэпэщыпхъэ хабзэхэмрэ жыпхъэмрэ» зыфIаща зэIущIэм республикэм ит сабий гъэсапIэхэм я унафэщIхэмрэ методистхэмрэ кърихьэлIат.**

САЕНКЭ Татьянэ и псалъэр сабий гъэсапIэм и тхыдэмкIэ иублэри, абы и къежьапIэмрэ и лъабжьэр зыгъэтIылъахэмрэ ягу къигъэкIыжащ. Япэ дыдэу сабий гъэсапIэ къыщызэIуаха Германием мураду яIар джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм гъэсэныгъэ яхэлъхьэнырщ, щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэнырщ. Нобэми а къалэнхэм зыри хэщIакъым.

Иужьрей илъэсхэм, псом хуэмыдэу 2005 - 2012 гъэхэм, КъБР-м къыщалъхум я бжыгъэр 1,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Илъэсищ-блы ныбжьхэм иту сабий 46957-рэ диIэщ, ауэ сабий гъэсапIэхэм къащтэфыр 37762-рэщ. Абы къыхэкIыу сабийм и процент 17-м щIигъуэр гъэсапIэм мыкIуэу къонэ.

2013 гъэм и фокIадэм къару зыгъуэта «УФ-м щIэныгъэ зэрыщрагъэгъуэтым и IуэхукIэ» федеральнэ хабзэм, гъэсапIэм сабийм щрагъэгъуэт щIэныгъэр егъэджэныгъэм и зы мардэу къелъытэ. Абы зэхегъэщхьэхукI егъэджэныгъэмрэ цIыкIухэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ теухуауэ щIэн хуейр.

Саенкэ жиIащ сабий гъэсапIэхэр зэрылажьэ мылъкур федеральнэ, республикэ, щIыпIэ бюджетхэм къызэрыхэкIым, абы къэрал мылъкум щымыщ хэхъуэхэри зэраIэр.

Къапщтэмэ, гъэ кIуам ди республикэм сом мелуан 507-м щIигъу федеральнэ бюджетым къиутIыпщащ.

ЩIыналъэм и Правительствэм еубзыху сабий гъэсапIэхэм адэ-анэхэм ику иту щIат уасэр. КъищынэмыщIауэ, адэ-анэхэм ят ахъшэм щыщу къэралым къритри зэхуагъакIуэ. Апхуэдэуи абыхэм егъэджэныгъэ программэр къызэрагъэпэщыным, улахуэ, зэрыджэгу хьэпшып, тхылъ н.къ. къызэращэхун мылъку яхухех. Сабий гъэсапIэм щылажьэхэм я улахуэр къызыхэкIыр республикэ бюджетращ.

Саенкэ Татьянэ и псалъэхэм къызэрыхигъэщамкIэ, уней сабий гъэсапIэхэми трагъэкIуадэм и Iыхьэ гуэр адэ-анэм иратыжынущ. Абы жиIэм тепщIыхьмэ, хьэрычэтыщIэм сабий гъэсапIэ къызэIуихмэ, лэжьакIуэхэм я улахуэр, егъэджэныгъэм папщIэ зыхуеинухэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр къэщэхуным текIуадэр республикэ бюджетым къыхэкIынущ. ЩIыпIэ администрацэхэм я къалэн нэхъыщхьэр цIыкIухэр зыхуей хуэгъэзэнырщ. Абыхэм я пщэ дэлъщ сабийхэр гъэшхэныр, гъэсапIэм щIэтыпхъэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, езы унэм кIэлъыплъыныр, ар зытет щIыр зехьэныр.

Бюджетым щымыщ хэхъуэм хохьэ адэ-анэхэм я сабийр гъэсапIэм ягъэкIуэн папщIэ ятыр, IуэхущIапIэм е цIыху щхьэхуэм игу хьэлэлагъкIэ тыгъэ къахуищIыр, лейуэ ирагъэкIуэкI дерсхэм папщIэ кърат ахъшэр.

Апхуэдэуи Саенкэ Татьянэ щхьэхуэу къытеувыIащ сабий гъэсапIэхэм я унафэщIхэм нэхъ гу зылъатапхъэу къилъытэхэм. Абы и псалъэхэр и кIэм нигъэса иужь, зэIущIэм кърихьэлIахэм упщIэкIэ зыкъыхуагъэзэну, я Iуэху еплъыкIэ къагъэлъэгъуэну Iэмал яIащ. Куэдым жаIащ сабий садхэмрэ пэщIэдзэ школхэмрэ зы зэращIам арэзы къызэримыщIыр, гъэсапIэхэм я щхьэ я унафэ ящIыжмэ нэхъ зыхуей хуэзэну къызэралъытэри дыщIагъуащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Гу зылъытапхъэ

# ЩIалэгъуалэ палатэм и зэхуэсыгъуэщIэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къет КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и зи чэзу зэхуэгъэсыгъуэм хагъэхьэнухэр къызэрыхихыр. КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа положенэм (КъБР-м и Парламентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м къыдигъэкIа Унафэ №177-П-П-мкIэ къищтащ) къигъэувхэм зи Iуэхур езэгъ республикэ, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатхахэм, еджапIэхэм я студент органхэм ящыщу езыхэм я кандидатхэр къэзыгъэлъэгъуэну хуейхэм КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым ягъэхьын хуейщ мы къыкIэлъыкIуэхэр:

- унафэщI коллегиальнэ органым къищта унафэр;
- ягъэува мардэм тету тха заявкэр (гуэдзэным къызэритым хуэдэу);
- организацэр къызэрызэрагъэпэщамкIэ тхылъым и копиер;
- организацэм хэтхэм я бжыгъэм теухуа тхылъыр;
- ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну къагъэлъэгъуа кандидатым и характеристикэр;
- паспортым, еджапIэ къызэриухамкIэ дипломым е аттестатым траха копиехэр;
- кандидатыр щылажьэ е щеджэ щIыпIэм теухуа тхылъыр.

Документхэр зыхуэфащэ тхыгъэ щIыгъуу ягъэхь. Дэтхэнэ копиеми ар зэхьэлIа организацэм и мыхъур тегъэуауэ щытын хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм къигъэувхэм езэгъыу ягъэхьэзыра документхэр 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м нэсыху щыIахынущ мы адресымкIэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55, пэш №309.

*Гуэдзэн*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну кандидатыр къызэрагъэлъагъуэмкIэ заявкэ**

| | | |
|---|---|---|
| 1. | УнэцIэр, цIэр, адэцIэр | |
| 2. | Къыщалъхуа зэманыр | |
| 3. | Кандидатурэ къэгъэлъэгъуэнымкIэ хуитыныгъэм и субъектым зэреджэр | |
| 4. | Организацэм (органым) щIалэгъуалэм теухуа и мурадхэр (политикэ партым и программэм, уставым, положенэм къыхатхыкI) | |
| 5. | Организацэр (органыр) къыщызэрагъэпэща зэманыр | |
| 6. | Кандидатым организацэм (органым) щигъэзащIэ къалэныр | |
| 7. | Кандидатым зэрызыпыпщIэ хъуну щIыкIэр (телефоныр, адресыр, e-mail, къинэмыщI Iэмалхэр) | |
| 8. | Организацэм (органым) зэрызыпыпщIэ хъуну щIыкIэр (телефоныр, адресыр, e-mail, къинэмыщI Iэмалхэр) | |
| 9. | ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэр дэгъэкIыным хуэгъэзауэ иужьрей илъэситIым къриубыдэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр, езы кандидатыр зыхэлэжьыхьахэри яхэту | |
| 10. | ЩIалэгъуалэм я дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуу иужьрей илъэситIым къриубыдэу организацэм (органым) зэфIигъэкIахэр (Iуэху пыухыкIахэр, абыхэм хэтахэр, сэбэпынагъ къыхэзыхахэр зыхуэдизыр) | |
| 11. | ЩIалэгъуалэ политикэм хиубыдэу сыт хуэдэ Iуэхухэр япэ игъэщыпхъэу къэплъытэрэ ? (жэуап къезытын хуейр кандидатырщ) | |
| 12. | ЩIалэгъуалэ политикэм хиубыдэ Iуэху нэхъыщхьэу япэ игъэщыпхъэхэр гъэзэщIа хъун папщIэ сыт пыухыкIауэ лэжьыпхъэу къэплъытэр? (жэуап къезытын хуейр кандидатырщ) | |



● Пресс-конференцхэр

# Зы лъэныкъуэкIэ кIуэцIрокI

**Налшык къалэ администрацэмрэ КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-мрэ автомашинэхэр куэду зэрызэтрихьэм кърикIуэ гугъуехьхэр республикэм и щыхьэрым щызэфIэхын мурадкIэ, КIыщокъуэмрэ Нэгумэмрэ я уэрамхэм зы лъэныкъуэкIэ щызекIуэныр къызэгъэпэщыныр къыхалъхьащ. Абы теухуа проектым зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ УГИБДД-м щекIуэкIа пресс-конференцым. ИпэжыпIэкIэ а уэрамхэр автотранспорт куэд щызэблэкIщ, псом хуэмыдэу пщэдджыжьым.**

ИЛЪЭС къэс транспортхэр нэхъыбэ мэхъу. НобэкIэ Налшык щатхащ автотранспорт мин 69-рэ. Махуэ къэс «Щхьэлыкъуэ» стационар постым и лъэныкъуэкIэ къикIыу автомашинэ мин 40-м щыщIэдзауэ мин 70-м нэс къалэм къыдохьэ. Абы къыхэкIыу ахэр, псом хуэмыдэу, щыхьэрым и уэрам нэхъыщхьэхэм щызэтрехьэ, гъуэгум тетхэм зэман куэд ягъэкIуэд. Автотранспорт щызекIуэ гъуэгухэм зедгъэубгъуфынукъым, - жиIащ УГИБДД-м и унафэщI полицэм и полковник **Бэджыдэ Юрэ**.

Мы проектыр зэхагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ шынагъуэншэу икIи хуиту республикэм и гъуэгухэм щызекIуэным тещIыхьауэ. Ар жылагъуэм я пащхьэ идолъхьэ мэлыжьыхьым и пэщIэдзэхэм ирихьэлIэу я Iуэху еплъыкIэр къыжаIэн папщIэ, - къыхигъэщащ Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.**

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и ГИБДД къудамэм и унафэщI полицэм и майор **Шашэ Алим** къызэригъэлъэгъуамкIэ, ЩоджэнцIыкIум и проспектым щыщIэдзауэ Кировым и уэрамым нэс автомашинэм уису укIуэ хъунущ. Кировым и уэрамымкIэ къикIыу ЩоджэнцIыкIум и уэрамым нэс зэрыкIуэнур Нэгумэм и уэрамым тетущ. Абы щыгъуэми маршрутым тет автобусхэр лъагъуэ щхьэхуэ яIэу лэжьэнущ, лъэныкъуитIымкIи щызекIуэу.

Къыхалъхьа проектым теухуауэ цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъэгъуэну псалъэ хъунущ КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и телефонхэмкIэ: 8(8662)49-59-07, 49-58-22 - сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ сыхьэт 18 хъуху, 8(8662) 96-23-22 - жэщи-махуи. Апхуэдэуи письмор ебгъэхь хъунущ dn.07gibdd@yandex.ru электрон пощтым.

УАРДЭ Жантинэ.

# Къалэнхэм зэрехъулIэмрэ дяпэкIэ къапэщытхэмрэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Министрыр щхьэхуэу къытеувыIащ къапэщыт къалэнхэр зэфIахын папщIэ къагъэсэбэпыну я мурад хэкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэ.

Тепсэлъыхьа нэужь, Правительствэм щыщхэр Мусуков Алий жиIахэм арэзы техъуащ.

«Урысей Федерацэм и цIыхухэр псэупIэ езэгърабгъукIэ, тыншыпIэ зиIэкIэ къызэгъэпэщыным, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэм и IуэхукIэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указ №600-р гъэзэщIа зэрыхъури зэхыхьэм щызэпкърахащ. Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министр Тутыкъу Анзор зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Правительствэм къищтащ псэупIэ щаухуэн папщIэ республикэм и къэрал мылъкум щыщ щIы Iыхьэхэр цIыху щхьэхуэхэм пщIэншэу зэрыхупачыну щIыкIэм теухуа унафэ. Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ я IэнатIэхэм муниципальнэ мылъкум хыхьэ щIы Iыхьэхэр цIыхухэм пщIэншэу иратын щхьэкIэ, зыхуей пщалъэ-правовой актхэр ягъэхьэзыращ. Мы зэманым гъунапкъэхэр ягъэбелджылыурэ, къэрал кадастрым щатх, щIы Iыхьэ зыхухахынухэр учетым ягъэув.

- Республикэм дежкIэ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм ящыщщ унагъуэшхуэхэм ират щIапIэхэм я инженер инфраструктурэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщыныр. ПсэупIэ хуэныкъуэхэу, бынищ е нэхъыбэ зыпI унагъуэшхуэу мини 10-м щIигъу муниципалитетхэм я учетхэм щытщ. ПсэупIэ езэгърабгъуми рынокыр убзыхуным, мыкоммерцэ псэупIэхэм зегъэужьыным елэжьыну гуп республикэм къыщызэрагъэпэщащ. КъБР-м и Парламентым къищтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэ кредитхэр зрат цIыху щхьэхуэхэм къэралыр социальнэу зэрыдэIэпыкъунум и IуэхукIэ» законым и проектыр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, цIыху щхьэхуэхэм ипотекэ щIыхуэхэр къыщащтэкIэ къэралым защIигъэкъуэнущ,- къыхигъэщащ министрым.

Тутыкъу Анзор зэщхьэщыхауэ къытеувыIащ УФ-м и Президентым и Указ №600-м щыубзыхуахэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ нобэ ирихьэлIэу зэфIэгъэкIа хъуахэмрэ мы гъэм нэхъыщхьэу зэлэжьыну я мурадхэмрэ.

Лъэныкъуэ псори зэпашэча нэужь, министрым и отчетыр IэIэткIэ къащтащ.

Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ къэрал Iуэхухэр зэрызэфIах щIыкIэр егъэфIэкIуэным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм теухуауэ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указ №601-р зэрагъэзащIэм, республикэм и Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ, къару имыIэжу къыщалъытащ.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и къуэдзэхэу Уянаев Казым, Марьяш Иринэ, республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ, Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ федеральнэ инспектор Канунников Владимир, къалэ, район администрацэхэм , къэрал комитетхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

●Хъыбарегъащ!Iэ

# Дзэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык къалэмкIэ и къудамэм ираджэу дзэм къулыкъу щызыщIахэм икIи запасым щыIэхэм къахех контракткIэ дзэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэр.**

ЗАУЭЛI частхэр щыIэщ Шэшэн Республикэм щыщ Шали, Калиновская, Борзой, Хъанкъалэ щIыпIэхэм.

КонтракткIэ дзэ къулыкъум пэрыхьэну хуейхэр здэкIуэнум и хэщIапIэр мыращ: КъБР, Налшык къалэ, Уэлджырым и уэрамым (Красноармейскэ уэраму щытам) тет унэ №26-м и пэш 50-м. Телефоныр: 44-10-83 (щрагъэблагъэ махуэхэр: сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 17-м нэсыху блыщхьэм, бэрэжьейм, мэремым).

● Нобэ ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

# Iуэхутхьэбзэхэмрэ чэнджэщхэмрэ

**Илъэс къэс гъатхэпэм и 15-м ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэр ягъэлъапIэ. Къызэрыхалъхьам хуэдэу, «ЩIыпIэ жыжьэхэр зэщIэзыгъэхьэ связыр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитыныгъэхэм папщIэ. ТелефонымкIэ диIэ хуитыныгъэхэр. ЩIыпIэ жыжьэхэр зэщIэзыгъэхьэ связыр къэзыгъэсэбэпхэм къащхьэщыжын» («Fix Our Phone Rights! Justice for mobile consumers») къыхуеджэныгъэм щIэту а махуэр едгъэкIуэкIынущ.**

2014 гъэр щIыпIэ жыжьэхэр къызэщIэзыубыдэ связыр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным щIыхухахар гурыIуэгъуэщ. А Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэр дуней псом мелардиблым щынос. Телерадиокоммуникацэ Iуэхутхьэбзэхэм зэпымыууэ зэрызаубгъум, апхуэдэу телефон связым и техникэ Iэмалхэм зэрыхэхъуэм, ахэр зэрефIакIуэм и фIыгъэкIэ, езы рынокми псынщIэу зеужь. ЩэхуакIуэр и хуитыныгъэхэм зэрыщыгъуазэм, потребительскэ рынокым тегушхуауэ щыхъумэным зэрыхуэхьэзырым куэд иIыгъщ. Абы цIыхухэмрэ щIыналъэмрэ я социально-экономикэ зэIузэпэщыныгъэр ирегъэфIакIуэ.

Мы махуэм и мурад нэхъыщхьэр я хуитыныгъэхэр зыхуэдэм, ахэр зэрахъумэ щIыкIэм щэхуакIуэхэр нэхъ кууэ хэгъэгъуэзэнырщ, я щхьэ Iуэху дагъэкIыжыфу егъэсэнырщ. Зи гугъу тщIы связым нобэ ди гъащIэм къалэнышхуэ щегъэзащIэ, арами, абы и Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI компаниехэм щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр куэдрэ къыщызэпауд щыIэщ (цIыхум и счетым хуимыту ахъшэ хагъэкI, щIыпIэ жыжьэхэм нэс связым и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэм зэрызихъуэжым теухуа хъыбархэр и чэзум хэIущIыIу ящIыркъым, связым и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым елIалIэркъым, нэгъуэщIхэри).

ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум псэукIэ тэмэм къыхуэзгъэпэщынымкIэ Федеральнэ IуэхущIапIэм и республикэ къудамэр республикэм и щэхуакIуэ псоми йохъуэхъу икIи щIыпIэ жыжьэхэр зэлъэзыгъэIэс связым и Iуэхутхьэбзэхэр къыщагъэсэбэпкIэ я хуитыныгъэхэр жыджэру яхъумэну къыхуреджэ.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэм хыхьэу телефон хэха дгъэуващи, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа хабзэхэм абыкIэ кууэ фыхагъэгъуэзэнущ, чэнджэщ щхьэпэхэр къыватынущ, зэдауэ къызыхэкI Iуэхухэр зэрызэфIах щIыкIэр фхузэпкърахынущ.

Чэнджэщхэр телефонкIи, электрон пощткIи къыватынущ, фыкъытхуэкIуэми хъунущ.

**Ди хэщIапIэр:** Налшык къалэ, КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 96, телефонхэр: 40-54-85; 42-03-32. Электрон пощтыр: kbr@07.rospotrebnadzor.ru.

БЭРАКЪ Ринат,
*ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум псэукIэ тэмэм къыхуэзгъэпэщынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ.*



● Зэныбжьэгъугъэ

# Альпинистхэр ягъэлъапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и фондым иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэр Урысей Федерацэмрэ Украинэмрэ я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэм и щыхьэтщ.**

АР ирырагъэхьэлIащ украин лъэпкъым и къуэ щэджащэ, цIыхубэ усакIуэ, сурэтыщI, этнограф цIэрыIуэ Шевченкэ Тарас къызэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъумрэ абы и щIыхькIэ Украинэм и Днепропетровск къалэм къикIа альпинистхэр махуэ зыбжанэкIэ ди республикэм зэрыщыIамрэ.

Пшыхьым ипэ къихуэу, бгырыкIуэхэр Шевченкэ Тарас и цIэр зезыхьэ, метр 4200-рэ зи лъагагъ, Псыгуэнсу къуэладжэр Iуззэв жьанэ щыхъужым деж уардэу къыщыт мылылъэ бгым и щыгум гъатхэпэм и 9-м ихьащ.

А Iуэхугъуэми щехъулIэу, иужькIэ ЩэнхабзэмкIэ фондым щызэхашэ гуфIэгъуэ зэхыхьэми зыкърезыгъэхьэлIэжа альпинистхэм япежьащ КъБР-м щыпсэу украинхэм я «Дніпро» щэнхабзэ центрым хэтхэр. Абыхэм гур хэзыгъахъуэ, гукъыдэжыр нэхъри къыщIэзыIэтэ лъэпкъ уэрэдхэр ягъэзэщIащ.

- Украинэм къикIа ди ныбжьэгъухэм бгы папцIэракъым къагъэIурыщIар, абыхэм дигухэри яхьэхуащ. Фи къэралым цIыху Iущ куэд исщ. Ди фIэщ мэхъу фи хэкум щызэIыхьа щытыкIэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу абыхэм зэрыщызэтрагъэуIэфIэжыфынур, - жиIащ хьэщIэхэм защыхуигъазэм, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом балъкъэрыбзэкIэ и нэтынхэм и редактор нэхъыщхьэ, республикэм альпинизмэмрэ бгы дэпщеинымкIэ и федерацэм хэт Боттаев Мухътар. - Илъэсхэри блэкIынщ, икIи фи бынхэм я быныжхэри ди республикэм къэкIуэнщ. АпщIондэхункIи ди лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэм и мыубзэщхъуж нагъыщэу Шевченкэ Тарас и цIэр зезыхьэ Iуащхьэри къэувынщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым ди бзэр, ди хабзэр щытхъумэжыфын «хытIыгу» цIыкIу щыдиIэщ, - къыхигъэщащ «Дніпро» центрым и унафэщI Харенкэ Светланэ. - КъищынэмыщIауэ, дэ, мыбы щыпсэу украинхэм, гу лъыдотэ, щэнхабзэу дбгъэдэлъымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм дызэрыхущытымкIэ Кавказыр зи жьэгужь лъэпкъхэм дазэрыпэблагъэ нэщэнэхэри зэрызетхьэм.

Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ипхъу Нинэ Шевченкэ Тарас теухуауэ и адэм иусауэ щыта усэхэм къеджащ икIи 1964 гъэм тхыгъэ, усыгъэ нэхъыфIхэр иту къыдагъэкIауэ щыта «Кобзарь» зи фIэщыгъэ тхылъ гъэщIэрэщIар «Дніпро» щэнхабзэ центрым тыгъэ яхуищIащ. ХьэщIэхэри гулъытэншэ хъуакъым: ЦIыхубзхэм я Налшык къалэ советым и унафэщI Дыджэш Лидэ абыхэм бгырыс бзылъхугъэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа гуащэ зыкъизых яритащ.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.





● Картинг

# Япэ Iыхьэр еух

**КартингымкIэ КъБР-м пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэпеуэм и япэ Iыхьэр иухащ. Абы кърихьэлIащ Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Куэшей Азэмэт, абы и къуэдзэхэу Щоджэн Риммэрэ КъарэцIыкIу Мухьэмэдрэ, КъБР-м транспортымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къудей Арсен, район администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и къудамэм и унафэщI КIурашын Владимир, Урысей ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ Iэщын Юрэ сымэ.**

ЗЭПЕУЭР удэзыхьэхыу, дэтхэнэри текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэр зыхэпщIэу екIуэкIащ.

«Микро» классым абы щытекIуащ Чэрты Артур. Хьэкъун Ринат етIуанэ увыпIэр иубыдащ, Джатэ Уэсмэн ещанэ хъуащ. «Мини» классым бжьыпэр щиубыдащ Зумакулов Марат. ЕтIуанэ-ещанэ увыпIэхэр зэдагуэшащ Бекъалды Маратрэ Думэн Тимуррэ. «Пионер» классым Сибэч Iэдэм япэ увыпIэр къыщихьащ. Шипилов Кирилл - етIуанэщ, Хьэтэ Iэдэм - ещанэщ. «Кадет» класссым Сибэч Ислъам щынэхъыфIащ. Альборэ Къаплъэнрэ Смолянин Кириллрэ абы къыкIэлъыкIуащ. «НыбжьыщIэ-А» зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Хъуран Давид. Лисицин Максим етIуанэ увыпIэр къихьащ, Аваков Юрий ещанэр лъысащ. «Лъэпкъ ныбжьыщIэ» классымкIэ зэпеуэм щытекIуащ Большаков Денис. Алборэ Къаплъэн етIуанэ, Мэремыкъуэ Аслъэн ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и командэм гуп зэпеуэм япэ увыпIэр къыщилъысащ.

БЛЭНАУЭ Iэдэм.

●Алыдж-урым бэнэкIэ

# Олимп чемпионым ядрегъэкIуэкI

**Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион, 2008 гъэм дунейпсо Кубокыр къэзыхьа Хъущт Аслъэнбэч «Зэкъуэтыныгъэ» клубым мастер-класс щригъэкIуэкIащ.**

СПОРТСМЕН цIэрыIуэхэр я зэфIэкIымкIэ нэхъыщIэхэм щадэгуашэ апхуэдэ зыгъэсэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI. Мастер-класс нэужьым КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Улаков Юсуп грант мылъкумкIэ зыIэрагъэхьа спорт фащэхэр ныбжьыщIэхэм яритащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, спорт лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэмкIэ (бэнэкIэ хуит, алыдж-урым бэнэкIэ, дзюдо, атлетикэ псынщIэ, атлетикэ хьэлъэ, Iэпщэрыбанэ, бокс, футбол) КъБР-м щыщу Урысейм и командэ къыхэхам хэтхэр зыуэ щыт спорт фащэмкIэ яхуапэ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

●Грепплинг

# Дыщэрэ дыжьынрэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэу Къаскъул Сэлимрэ Мэшыкъуэ Беслъэнрэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Абу-Даби грепплингымкIэ щекIуэкIа Гран-при зэпеуэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ.**

ЧЕМПИОН цIэр зезыхьэ Къаскъул Сэлим кг 68-рэ зи хьэлъагъхэм я деж текIуэныгъэр щызыIэригъэхьащ. Эмиратхэм щекIуэкI апхуэдэ зэпеуэхэм ар иджы етIуанэу хэтщ. Нэгъабэ профессионалхэм я чемпионатым абы жэз медалыр къыщихьащ. Мы зэпеуэм дыжьыныр щызыIэрызыгъэхьа (кг 74-рэ) Мэшыкъуэ Беслъэн нэхъапэкIэ Урысей чемпионатым щытекIуащ.

КъыкIэлъыкIуэу мэкъуауэгъуэм и 12 - 13-хэм а къалэ дыдэм щызэхэтыну World Elite No Gi зэпеуэм ди спортсменхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну я мурадщ. Абыхэм я тренерыр Джырандокъуэ Амирщ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

●Щэнхабзэ

# Усэ фIыуэ зылъагъухэр фрагъэблагъэ

**«Жан» литературэ клубымрэ КъБР-м и Профсоюзхэм я IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэмрэ усыгъэр фIыуэ зылъагъухэр гъатхэпэм и 20-м фрагъэблагъэ балъкъэр усакIуэ Мусукаевэ Сэкинат теухуа пшыхьым.**



УсакIуэ Мусукаевэ Сэкинат

БАЛЪКЪЭР лъэпкъыр къэгъэщIэрэщIэжыным и махуэм теухуа пшыхьым и программэм хагъэхьащ Мусукаевэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр.

«Нюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ Мусукаевэ Сэкинат тхылъ пщыкIуплI, школхэм зэрыщрагъаджэ учебникитI, пьесэхэр, рассказхэр, усэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы и творчествэр цIыхубэм фIыуэ ялъагъу, и усэхэм макъамэ щIалъхьащ композитор Байчекуев Абдинрэ Жеттеев Мустафиррэ. А уэрэдхэр жаIэ Этчеев Музафиррэ Асановэ Кулинэрэ.

Пшыхьым кърихьэлIэнухэр Мусукаевэм хигъэгъуэзэнущ и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ. И ныбжьэгъухэр балъкъэрыбзэкIэ, апхуэдэуи адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ зэрадзэкIа и усэхэм къеджэнущ.

Зэхыхьэр Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 53-нэ унэм щекIуэкIынущ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 15.00-рщ.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Бесчокъуэ Майе Мусэрбий и пхъумрэ** КъБР-м и Лэскэн районым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Зыхьэ Маритэ Мусэрбий и пхъумрэ** яхуогузавэ абыхэм я анэ **Бесчокъуэ Аниуарэ Болэт и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпание» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» республикэ газетхэм я редакцэхэм, «КъБР-м и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэ» къэрал IуэхущIапIэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм и корреспондент **Печёновэ Любовь Михаил и пхъур** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Дунейпсо литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэр

# ЛъэхъэнэщIэм и япэ усакIуэ

**1265 гъэм и накъыгъэм Флоренцием щыщ уэркъ хуэкъулейсыз Алигъери ди Беллинчонэ д'Алигъерирэ абы и щхьэгъусэ Беллэрэ щIалэ цIыкIу зэдагъуэтащ. Сабийм Дуранте фIащащ, ауэ гъэкIэщIауэ «Данте»-кIэ еджэу щIадзэри, иужькIэ усакIуэшхуэ хъуар абы къытенащ.**

ДАНТЕ и зэманым Флоренцием цIыху мин щэщIым нэблагъэ щыпсэууэ, Рим, Милан, Лондон хуэдэ къалэшхуэхэм ехьэехуэу щытащ икIи Париж нэхърэ зэрынэхъ цIыкIу щыIэтэкъым.

КуэбжэшхуиплI зиIэ, блыныжьхэмкIэ къэухъуреихьа къалэм зытес щIыр къемэщIэкI щыхъум, абы блыныщIэхэр къращIэкIащ, Iэгъуэблагъэм щыпсэу феодалхэм я щIыналъэхэри къызэщIиубыдэу.

ЭкономикэкIэ и лъэныкъуэкIэ Флоренциер XVIII лIэщыгъуэм Апенин хытIыгу никъуэм нэхъ зыщызыужьа дыдэт. Абы Испаниемрэ Англиемрэ цы, Азием шылэ, Венецием бдзапцIэ, Калабрием гъущI, Сицилием фошыгъу къришырт.

Флоренцием и банкирхэм сату IуэхукIэ зыпыщIа къалэ IэджэхэмконторэзэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэIуахат. Мис апхуэдэт Данте и лъахэр усакIуэр къыщалъхуа зэманым.

Данте и творчествэм, щIэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэм, «Божественная комедия» поэмэм яхолъагъуэ ар щIэныгъэфI зыбгъэдэлъу, къэухьышхуэ зиIэу зэрыщытар. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ ныбжьыщIэр щIотIысхьэ Европэм щынэхъыфI дыдэхэм хабжэ, Болонием дэт университетым и юрист къудамэм. Университетым щIэтIысхьэн и пэ Данте къиухащ тхэкIэм, къеджэкIэм, бжэкIэм щыхуагъасэ, латиныбзэр щрагъащIэ, риторикэм, тхыдэм, астрономиемрэ естествознаниемрэ щыхагъэгъуазэ еджапIэр. Езы Данте а еджапIэм щыщIэса гъэхэм, апхуэдэуи и сабиигъуэм нэхъ фIэфIу щыта джэгукIэхэм ятеухуауэ и гукъэкIыжхэм зыщIыпIи зыри къыщыхигъэщыжыркъым.

Данте илъэсибгъу ирикъуауэ арат сабийм и псэ къабзэр икъукIэ зыгъэпIейтея Iуэхугъуэр къыщыхъуам. Абы щыгъуэщ ныбжьыщIэр зи ныбжьыр илъэсийм ит Беатриче хъыджэбз цIыкIур япэ дыдэу щилъэгъуар. Ахэр щызэхуэзар хъыджэбз цIыкIум и адэ Фолькэ Портинари и унэрат. Абы теухуауэ икъукIэ гурыIуэгъуэу итхыжат Данте и гъащIэм и къекIуэкIыкIар япэу къэзыхутэжахэм ящыщ новеллист, усакIуэ Бокаччэ Джованни:

«Сабийхэм яхэтт ищхьэкIэ зи гугъу сщIа Фолькэ ипхъу цIыкIури,гъэкIэщIауэ псори БичэкIэ зэджэр, ауэ Данте япэ махуэм къыщыщIэдзауэ абы зэреджар Беатричещ; хъыджэбз цIыкIум илъэсий нэхъыбэ и мыныбжьми, и зыIыгъыкIэ дахэм, нэмысыфIэу зэрыпсалъэм узыIэпишэрт. И нэгу лъагъугъуафIэм нуру кърих губзыгъагъэм куэдым ар мелыIычу къащигъэхъурт. Мы иджыпсту къызэрестхэкIам хуэдэу, уеблэмэ нэхъ телъыджэжу къилъэгъуащ ар Данте а пщыхьэщхьэм. Си гугъэщ щIалэ цIыкIум ар нэхъапэми илъэгъуагъэну, ауэ, хъыджэбз цIыкIур иджыри сабий дыдэми, хьэщыкъ щищIар абы щыгъуэу. Беатриче щIалэщIэм игу лъащIэм апхуэдизкIэ кууэ хыхьати, къыхэкIыж имыIэу хэсащ уахътыр къэсыху».

Зэманыр кIуэрт. Сабиигъуэри ауэрэ икIащ. Данте псалъэхэм малъхъэдису зыщIашэурэ, макъамэ гуэрхэр пшыналъэ сатырхэурэ и псэм къыщыушу щIидзат икIи лъагъуныгъэ жэуапыншэм гуауэщхьэуэ ищIа провансаль уэрэдусхэм яусахэр гукIэ зригъэщIауэ, къытригъэзэжурэ жиIэрейт. А лъэхъэнэрауэ къыщIэкIынщ щIалэм и псэм щыушэхэр рифмэхэмкIэ зэригъэкIуну мурад щищIари. Апхуэдэурэ зэригъэкIуахэр щэхуу яригъапщэу къыщIэкIынт а лъэхъэнэм щыIа усэ гъэпсыкIэм и фащэхэм - кIыхьурэ зэпыша канонхэм къащыщIэдзауэ нотариус Якопэ да Лентини езым къигупсысыжауэ зэрытхэ сатыр пщыкIуплIпщыкIуплIурэ зэхэт усэ кIэщIхэмрэ я деж нэсу.

Данте усэ тхын щыщIидзам итальяныбзэкIэ зэфIэува усыгъэр иджыри щIалэ дыдэт. А усыгъэм и къежьапIэу ялъытэр XIII лIэщыгъуэм и щэщI-плIыщI гъэхэрщ икIи щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа император Фридрих ЕтIуанэмрэ абы и къуэ пащтыхь Манфредрэ къызэрагъэпэщауэ щыта Сицилие еджапIэ жыхуаIэрщ. А еджапIэм и усакIуэхэм яхэтт латиныбзэкIэ мыхъуу, итальян цIыхубэр зэрыпсалъэ вольгарыбзэ жыхуаIэмкIэ тхэхэр. Апхуэдэхэм уащыхуэзэрт хэкум и ищхъэрэ щIыналъэмкIэ къикIахэм я мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми ящыщхэм.

Провансаль лирикэмрэ итальян уэрэдусхэмрэ я хабзэхэм пащэурэ, сицилие еджапIэм и усакIуэхэм къагъэсэбэпырт езыхэм япэ итахэм лIыхъужьхэм цIыхубз пагэ езэгъыпIэншэхэм хуащIа лъагъуныгъэм и къэIуэтэкIэу яубзыхуамрэ лирикэм и къупхъэ зэтеувамрэ.

А лъэхъэнэм и усыгъэ ухуэкIэм тетщ Данте ныбжьыщIэм и лирикэри.

Апхуэдэ ухуэкIэм итщ фIыуэ илъэгъуа Беатриче нэхъ пасэу хуитхахэри, илъэс тIощIрэ тхурэ фIэкIа мыхъуауэ дунейм ехыжа пщащэм фэеплъ хуищIахэри.

Пщащэм хуитха усэхэм я някъуэр зыхигъэхьа «ГъащIэщIэ» тхылъыр усакIуэм Беатриче хуищIа гухэлъыр усэ сатырхэрэ прозэу зэхэшыпсыхьа гупсысэхэмкIэ къыщиIуэта, а гухэлъыр жэуапыншэ мыхъуну иIа гугъапIэхэмкIэ гъэнщIа, лъагъуныгъэм теухуа тхыгъэщ.

Езым и щхьэ закъуэр мыхъуу, цIыху псоми яхуэгъэзауэ усакIуэр мэгугъэ лъагъуныгъэм псэм фIей псори хигъэкъэбзыкIыу, ар дахагъэм и щыгум къабзэу щиIэтыну. А гупсысэрщ джэлэсу пхышар Данте и Iэрыкl нэхъыщхьэ дыдэми - «Божественная комедия» поэмэми.

«ГъащIэщIэ» тхылъым ит усыгъэхэм гупсысэкIэ поджэж Данте Флоренциеми абы ирагъэкIа нэужькIэ итха адрей тхыгъэхэри.

Флоренциер нэхъ къулей хъуху цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр нэхъ зэIыхьэрт. А зэхущытыкIэхэм цIыхухэр зэпигъэщхьэхукIащ икIи «зи щэр къавэ» жыхуаIэхэмрэ (сондэджэрхэр, промышленникхэр, банкирхэр)» «цIыхубэ уэдыкъуакIэ» ( цех цIыкIухэм щылажьэхэр) зэджэхэмрэ зэпэщIигъэуващ.

Хабзэу ува партитIым - гвельфхэмрэ гибеллинхэмрэ - я зэныкъуэкъур. Гвельфхэр и телъхьэт Флоренцием автономие иритыну къэзыгъэгугъэ папствэм, гибеллинхэр хуейт Флоренциер Герман императорхэм я Iумэтым ит Рим империем и зы Iыхьэу щытыну. (Пэжу, нэхъ иужьыIуэкIэ а партитIыр я программэхэмкIэ зэхъуэжауэ жыпIэфынущ).

Гвельфхэм нэхъ къакъуэтыр къалэдэс дворянхэрт, гибеллинхэм я телъхьэт феодал цIэрыIуэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, щалъхуа унагъуэ елъытауэ, цIыхур гвельфу е гибеллину дунейм къытехьэрт, ауэ, балигъ хъуа нэужь, ар хуитт политикэ Iуэху хэмыхьэну.

Данте жылагъуэ Iуэхухэм зэрызыIэпашар адэ щIэину къылъысыну хущIыхьагъэнутэкъым. Ар бгъущI гъэхэм я зэхуэдитIым политикэ утыку йохьэри, щэм я советым хагъэхьэ, 1300 гъэм Флоренцием и приориблым ящыщ зы мэхъу.

1266 гъэм гибеллинхэм ятекIуауэ щыта гвельфхэр иджы зэмызэгъыж мэхъури лъэныкъуитIу - хужьхэрэ фIыцIэхэу - зэпощхьэхукI.

Папэ Бонифаций VII къулейхэм я партым - фIыцIэхэм - я телъхьэт, ар зыдигъэIэпыкъуурэ, зыми и бжьым щIэмыт Флоренцием и коммунэ щхьэхуитыр езым и унафэм щIигъэувэну и гугъэти.

Жор зекIуэм зыхуэгъэхьэзырыныр щхьэусыгъуэ ищIри, папэм 1301 гъэм и гъэмахуэм франдж принц Карл Валуа Флоренцием кърригъэблэгъащ: Бонифаций абы и дзэр зыдигъэIэпыкъуну хуейт. Коммунэм къыгурыIуэрт дзэм зэрыпэщIэмытыфынур икIи хужьхэм нэхъ яфIэтэмэмащ папэм мамыру гурыIуэныр. 1301 гъэм и жэпуэгъуэм абыхэм Бонифаций деж цIыхуищ лIыкIуэу ягъэкIуащ. Данте а щым язт.

ЩэкIуэгъуэм и 1-м Карл Валуа и дзэхэр Флоренцием щихьам Данте иджыри Рим дэст, ауэ Рим къыдэкIри адэжь лъахэм кIуэжауэ, 1302 гъэм щIышылэм и 7-м ар лъахэм ихун хуейуэ унафэ къащтэри, Флоренциер ирагъэбгынащ. Абы иужькIэ Данте Флоренцием зэи щыIэжакъым.

Флоренцием кърахуа нэужь, Данте и Iэдакъэ къыщIэкIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «Ефэешхэ», «ЦIыхубэ псалъэ дыгъэлхэм теухуауэ», «Монархия» трактатхэр.

Данте прозэ тхыным зэманышхуэ тригъэкIуадэрти, усэхэм нэхъ мащIэут зэрелэжьыфыр. Ауэ усэри къигъанэртэкъым. А лъэхъэнэм усакIуэм мурад ещI зи сюжеткIэ гугъуу зэхэлъ эпопее итхыну икIи «Комедия» зыфIища, гуузу къыщIидзэу гуфIэгъуэкIэ иухыж лэжьыгъэр кърегъажьэри, дунейм щехыжа 1321 гъэм еух. ИужькIэ щIэблэхэм «Комедия» псалъащхьэм «Божественная» псалъэр щIагъужащ икIи абыкIэ къагъэлъэгъуащ Данте и лэжьыгъэ гъуэзэджэр къазэрыщыхъур.

Поэмэм усакIуэм щыдегъэлъагъу хьэдрыхэ щыIа, къыщикIухьа хуэдэу къигупсысахэр. Данте мыбы щетх езым и зэманым Италием щыIа псэукIэр зыхуэдэ дыдэр наIуэ тщызыщI теплъэгъуэхэр. Апхуэдэуи поэмэм къыхощ усакIуэм бгъэдэлъа щIэныгъэшхуэр, щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэIэзэу зэрыщытар. Поэмэм дащыхуозэ усакIуэхэми философхэми, зи цIэр тхыдэм къыхэна лIыхъужьхэми, IуэрыIуатэкIэ дызыщыгъуазэ пасэрей хъыбарыжьхэми, езы усакIуэм и лъэхъэнэм псэуахэми.

Данте и творчествэм куэдкIэ къигъэIэгъуащ «КъэщIэрэщIэжыныгъэм и лъэхъэнэ» зыфIаща зэманыр.

1893 гъэм Италием къыщыдэкIа «Коммунистическэ манифест»-м и пэублэ псалъэм Ф. Энгельс мыпхуэдэу щитхыгъащ: «Данте курыт лIэщIыгъуэхэм я иужьрей, абы къыдэкIуэуи лъэхъэнэщIэм и япэ усакIуэщ».



Данте Алигъери *(1265-1321 гъгъ.)*

## ДАНТЕ Алигъери

**Лъагъуныгъэрщ зэтар гупсысэ**
**зэмыфэгъухэр,**
**Зэтемыхуэу гупсыситI я бгъэдыхьэкIэр,**
**Зыр лъагъуныгъэм щытхъумэ, щыгуфIыкIыу,**
**Адрейм къысхуеIуатэ ар шынагъуэу.**

**Зым - дэрэжэгъуэр къыщIигъалъэу,**
**схуигъэбзэрабзэмэ пшыналъэр,**
**ЕтIуанэм си нэпсыр къыщIегъэлъэлъыр.**
**Сигу кIэзызым ахэр зыщ щызэпызыщIэр:**
**ЩIэлъэIухэу къыхуэпщIыну гущIэгъу мащIэу.**

**Дэтхэнэра нэхъ къыхэсхынур?**
**Дэнэ къисхыну псалъэ гуащIэ,**
**Гухэлъым и шэч хьэлъэр щхьэщихыну?**

**Гупсысэхэр зэуIу хъужыным папщIэ,**
**Хуэныкъуэщ тхьэпэлъытэм и гулъытэ,**
**Абы и IэплIэ гуапэм сихьыжыну.**



**Зэуэзэпсэу къыптоуэфыр лъагъуныгъэр**
**Уи уахътыр къэсауэ къыпфIигъэщIу,**
**Си гупсысэр зэрепхарщ уи гъащIэм**
**Апхуэдэм деж къызэзытыжыр лIыгъэ.**

**КъызгурыIуэжу къарур зэрыжэщIыр,**
**ДэIэпыкъуэгъу симыIэу уэр нэмыщIи,**
**СыкъебгъэлынкIэ сыпщыгугъыу сыпхуопIащIэ.**

**НапIэр къэсIэту мащIэу сыныпыIуплъэм,**
**ЩIэрыщIэу къызэщIэроуэжри си лъыр,**
**Псэр йожьэж дихьэхыжауэ гъащIэм.**

*** * ***

**Ар сытым хуэдэу къабзэ, гуапэ,**
**Сэлам къуихамэ, ухуэзауэ,**
**Укъонэри уумэзэхауэ,**
**ИгъэIужыфыркъым зы псалъи Iупэм.**

**Хуэпами ар къызэрыгуэкIыу,**
**ДахагъэкIэ зэщыпсыкIыу**
**КъыпIуэплъэныр уи хъуэпсэгъуэу,**
**УзэщIеIэтэр дэрэжэгъуэм.**

**УщыдэплъкIэ бжэ дамэдазэм,**
**Абы и теплъэм уи нэр хуэзэм,**
**Хъуэпсэныгуу IэпкълъэпкъымзехузыР.**





*** * ***

**Гукъеуэхэр хошыпсыхьыж зэманым,**
**Ауэ, аргуэру сыныпIуплъэу,**
**СыщихуэжкIэ гукъэкIыжым и къэпхъэным,**
**«ЩIэпхъуэж, уемыплъу»,**
**- къызолъэIу гухэлъыр.**

**Зехъуэжыр си фэм, зыдищIу си гухэщIым,**
**Упсэуфыну, уи гур къоуз защIэу?**
**КъысфIощI къызжаIэу, уеблэм мывэм:**
**«Къыхэх ажалыр, зумыгъэгувэу!»**

**УмыгъэудэIуу хэбгъэкIасэм,**
**Псэм и жагъуэ мэхъур, зегъэгусэ,**
**Къилъыхъуэу узым зэреIэзэ.**

**Уэ ауанкIэ хогъэтIасэ узыр,**
**Плъагъурэ пэт, абы сызэрихузыр,**
**ЩхьэпылъапIэм си нэр сфIытеплъызэу.**

*** * ***

**Куэдрэ согупсыс - сымыгъэщIагъуэу,**
**Сызэрыужьыхым, сызэрыхъум фагъуэ.**
**ИкIи соIущащэ зэшыгъуэу:**
**«Хэт игъэунэхуа мыпхуэдэ зэ нэхъ мыхъуми?»**

**Ар лъагъуныгъэм и нахуапIэ**
**Е пщIыхь телъыджэу щIэкIрэ нэгум,**
**КъызжиIэу: «Бауэ, уи гум щызу»?**

*** * ***

**Гу хьэлэлхэ, фыкъедаIуэт лъагъуныгъэм**
**Хьэщыкъ ищIа си псэр зэрыщатэм.**
**ЖысIэпэнщи, къэсынт си ухыгъэр,**
**Абы и уэчыл сымыхъуфатэм.**

**Сыт щIэзгъэжкIи нэпсыр? Фегупсысыт,**
**Сщхьэщихыфыну нэпсым си гузасэр?**
**Си лъагъуныгъэр згъеижу сыщысым,**
**Къэзгъуэтыжын дызэпызыщIэ къуэпсыр?**

**Махуэм сыщатэу, жэщым сыIуэщхъуу,**
**А зы закъуэм седжэу сытым щыгъуи,**
**Си тхьэпэлъытэр кIэншэу къызолъыхъуэ.**

**КъызгуроIуэжри псэ хыщIэм**
**ХэкIыпIэншэу зеиншэ сызэрищIыр,**
**Си гъащIэ мащIэм нэлат щесхи къохъур.**



*** * ***

**Щхьэ апхуэдизу зэхэуа фи нэгур?**
**КъысщывмыбзыщIу жыфIэт илъыр фи гум.**
**ФIыуэ слъагъур ара щхьэусыгъуэ**
**Хуэхъуар щIэкъутам фи дэрэжэгъуэр?**

**Згъэв бэлыхьым фыхуэгущIэгъуншэу,**
**ЖэуапкIэ фыкъысхуэмыхашэу,**
**Сыт зыри щIыжывмыIэр, фыщIэщымыр?**

**Хунимыгъэсу и гъэгъэгъуэм,**
**Си лъагъуныгъэр зыгъэгъужа цIыхубзым**
**И хъыбар псоми псэм зрагъэхузыр.**

**Хуэмыхьыжу си къарур сфIожэщIыр,**
**Апхуэдэу зэрыщытыр фэри фощIэр,**
**Сщхьэщыфхын флъэкIынукъэ си узыр?**

*** * ***

**Зэшыгъуэр махуэ гуэрым къысхуоблагъэ:**
**«ТIэкIурэ сыпщIыгъуну сиIэщ гугъэ».**
**Къысщыхьуат абы и гъуэгу гъэлъагъуэу,**
**Лъагъумыхъуныгъи узу щIыгъуу.**



**«ЗбгъэдэкI!» - жесIами сыгубжьауэ,**
**Сыкъыщыхьуххакъым хьэ бэнауэ.**
**Пагэу къызопль, си псалъэр игъэщIагъуэу,**
**Абдежым сэри жыжьэу къызолъагъур**

**И щыгъыныр зэрыщыту фIыцIабзэу,**
**Амур хуэпауэ, зэримыхабзэу,**
**И нэ къабзитIми нэпсыр щIэзу.**

**«Мы уи щыгъыныр, нэпсыр**
**къызэрыбгурыIуэнур дауэ?» -**
**Къызет жэуап: «КъытлъыкъуэкIащ дэ гуауэ,**
**Къыпкърыхьащ ди пщащэм ажал узыр».**

*ЗэзыдзэкIар*
**УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**

● Паралимп Джэгухэр



Бугаев Алексей

## Овечкиным и гупым хузэфIэмыкIар следж-хоккейм къащохъулIэ

**XI ЩIымахуэ Паралимп Джэгухэм я ехэнэ махуэм Урысей Федерацэм и спортсменхэм дыщэ медалитIрэ зы жэзрэ къыщахьащ. КъищынэмыщIауэ, следж-хоккеймкIэ ди къэралым и командэ къыхэхар финалым кIуащ.**

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ и паралимпийцхэм я иужьрей ехъулIэныгъэхэр бгым лыжэкIэ къежэхыным къахуихьащ. Илъэс пщыкIух зи ныбжь Бугаев Алексей нэхъапэм зыIэригъэхьа жэзымрэ дыжьынымрэ иджы дыщэр къыхигъэхъуащ, щыту слаломымкIэ щызэпеуэм щытекIуэри. А зэхьэзэхуэм ещанэ щыхъуащ Алябьев Александр.

Зи нэхэм фIыуэ ямылъагъухэм слаломымкIэ я зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ Редкозубов Валерий. Абы къызэринэкIащ Испаниемрэ Канадэмрэ я спортсменхэр.

Вэсэмахуэ хуабжьу дигъэгуфIащ следж-хоккеймкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам. Ар япэу Паралимп Джэгухэм хэту аращ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, ди щIалэхэр финалым нэсыфащ, Норвегиер 4:0-у хигъащIэри. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар иджы кIэух зэIущIэм щыпэщIэтынущ иужьрей Паралимп Джэгухэм я чемпион Америкэм и Штат Зэгуэтхэм. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди щIалэхэм ар гуп зэпеуэм махуэ зыбжанэ ипэкIэ 2:1-уэ щыхагъэщIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди следж-хоккеистхэм Сочэ куэдкIэ нэхъыбэ щахузэфIэкIащ Овечкин, Малкин, Радулов, дуней псом щыцIэрыIуэ нэгъуэщIхэри хэту Олимп Джэгухэм и финалым и Iыхьэ плIанэм фIэмыкIыфа къэралым и хоккеист гупым нэхърэ.

КёрлингымкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхари ерыщу дыщэм щIобэн. Зыхэта гупым щригъэкIуэкIа джэгугъуи 8-ми щытекIуэри, ар финал ныкъуэм нэсащ. КIэух зэIущIэм хэтыну Iэмал иIэн папщIэ абы Великобританием и командэ къыхэхар нобэ хигъэщIэн хуейщ.

Сочэ щекIуэкI XI ЩIымахуэ Паралимп Джэгухэр и кIэмноблагъэ. Абы медалу къыщахьахэмкIэ официальнэу щымыт командэхэм я зэпеуэм Урысей Федерацэр зэрыщыпашэщ. Ди паралимпийцхэм гъатхэпэм и 14-м ирихьэлIэу псори зэхэту медаль 50 (18-р дыщэу, 18-р дыжьыну, 14-р жэзу) зыIэрагъэхьауэ щытащ. Абыхэм къакIэлъокIуэ Германиемрэ (6-1-0) Украинэмрэ (3-4-7). Нэрылъагъущ дыдейхэм адэкIэ зыри къазэрылъэщIэмыхьэжыфынур икIи мы Паралимпиадэр я текIуэныгъэкIэ пщэдей зэриухынур.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

**XI ЩIымахуэ Паралимп Джэгухэм къыщахьа медалхэр *(гъатхэпэм и 14-м ирихьэлIэу)***

| Къэралыр | Дыщэу | Дыжьыну | Жэзу | Псори |
|---|---|---|---|---|
| **1. Урысей Федерацэ** | **18** | 18 | 14 | **50** |
| **2. Германие** | **6** | 1 | 0 | **7** |
| **3. Украинэ** | **3** | 4 | 7 | **14** |
| 4. Японие | 3 | 1 | 2 | 6 |
| 5. Австрие | 2 | 3 | 1 | 6 |
| 6. Канадэ | 2 | 2 | 6 | 10 |
| 7. Франджы | 2 | 2 | 1 | 5 |
| 8. Словакие | 2 | 1 | 2 | 5 |
| 9. Великобритание | 1 | 2 | 1 | 4 |
| 10. Швецие | 1 | 1 | 1 | 3 |

## Сабийхэр драгъэхьэх

**Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетымрэ Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ управленэмрэ я лэжьакIуэхэр зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм яIущIащ. Ар ехъэлIауэ щытащ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цIыкIухэр щIэуэ къызэIуаха спорт-адаптивнэ сабий-ныбжьыщIэ школым ешэлIэнымрэ (САДЮШ) ахэр физическэ щэнхабзэм дегъэхьэхынымрэ.**

ШКОЛЫМ и унафэщI Кулюшин Александр зэIущIэм кърихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ САДЮШ-м мы зэманым иIэ зэфIэкIхэр зыхуэдэм. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм яригъэцIыхуащ, коляскэм зэрисым щхьэкIи къэмынэу, шабзэ гъэуэным дихьэх икIи ехъулIэныгъэ хьарзынэхэр а лъэныкъуэмкIэ иджыпсту щыщIэдзауэ зыгъэлъагъуэ КIыщ Ахьмэд.

ЩIэуэ къызэIуаха спорт школым и хэщIапIэр здэщыIэр цIыкIухэм жраIащ икIи гурагъэIуащ абы къыщыдрагъэкIуэкIыну дерсхэр пщIэншэу зэрыщытымрэ сабийхэр къыщашэкIэ я узыфэхэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр адэанэхэм яIыгъын зэрыхуеймрэ: тренерхэр щыгъуэзапхъэщ дэтхэнэ зыми хузэфIэкIынур зыхуэдизым.

Комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Унэж Рустам зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, япэ дерсхэр сабийхэм я Iэпкълъэпкъым зегъэужьыным теухуауэ къызэрагъэпэщынущ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ управленэм и къудамэм и унафэщI Бэдракъ Iэминэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкIынущ. Абы жиIащ шым тесу сабийхэм я нэгу зегъэужьынри Iуэхум къыхэплъхьэну зэрыигъуэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

### Нэхъапэми къапэщIэхуат

**Бахъсэн къалэм полицейхэм щаубыдащ ВАЗ-2114 автомашинэр идыгъуауэ шэч зыхуащI, нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта а щIыпIэм щыщ цIыхухъур.**

НАЛШЫКДЭСЫМ полицэм и къудамэм зыхуигъэзащ Дыгулыбгъуей къуажэм и автомашинэ гъэувыпIэм и ВАЗ-2114-р зэрытрадыгъукIам къыхэкIыу.

КъБР-мкIэ МВД-м, Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым а щIэпхъаджагъэр зи IэдакъэщIыкIыр яубзыхуащ. Ар 1979 гъэм къалъхуа бахъсэндэсырщ.

БзаджащIэр яубыдащ икIи ПIалъэкIэ щаIыгъ изоляторым ирадзащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

### Жэуапым ирашалIэ

**Хабзэм къемызэгъыу ягъэлажьэ джэгупIэхэр зэхуэщIыжыным теухуауэ полицэм иригъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм адэкIи пещэ.**

КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм гъатхэпэм и 7-м къэлъыхъуэныгъэхэр щригъэкIуэкIым, Налшык къалэ КIыщокъуэмрэ Тэрчокъуэмрэ я уэрамхэм щэхуу ягъэлажьэ джэгупитI щызэхуащIыжащ. Компьютер техникэу 10 къытрахащ.

Хьэщыкъ узыщI джэгухэм я къызэгъэпэщакIуэхэри яубзыхуащ. Ахэр Налшык къалэм, Iуащхьэмахуэ куейм щыпсэухэрщ икIи административнэ жэуапым ирашэлIащ.

### Лы килограмм 28-рэ зыдыгъуахэр

**Республикэм и къалащхьэм дэт сату щIапIэхэм ящыщ зым и лIыкIуэм полицэм зыхуигъэзащ я центрым сом 5600-рэ и уасэ лы килограмм 28-рэ зэрыщадыгъуам къыхэкIыу.**

КъэлъыхъуэныгъэхэрщрагъэкIуэкIым, дыгъуакIуэхэр хэтми яубзыхуащ. Ахэр а сату щIапIэм и лэжьакIуиплIырщ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ. ЩIыпIэр ямыбгынэну абыхэм хуагъэуващ.

### ЦIыхубзым шэч хуащI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм цIыху иукIауэ шэч зыхуащI цIыхубзыр яубыдащ.**

КъБР-мкIэ МВД-м, Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым, Iэдииху поселкэм щаубыдащ ди щIыпIэм щыщ 1974 гъэм къалъхуа цIыхухъур иукIауэ шэч зыхуащI, илъэс 32-рэ зи ныбжь и къуажэгъу цIыхубзыр.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**




● Интернетым къитхыжащ

# Зи IитIыр зыпымытыжым ет

Зи закъуэу псэу бзылъхугъэм и бжэм зыгуэр къытеуIуащ. ЦIыхубзым бжэр Iуихмэ, лIы мыцIыху гуэр щытт.

- Уи махуэ фIыуэ! Ахъшэ тIэкIу къысIэщIумылъхьэфыну пIэрэ?

- Сыт уэ ахъшэ щIостын хуейр? - жи бзылъхугъэм.

- Си Iэ лъэныкъуэр пытыжкъыми, сызэрыпсэун тIэкIу къыхэсхыу аращ.

- Ар щхьэусыгъуэкъым. Ахъшэ ухуеймэ, мо пщIантIэм дэлъ чырбышхэр унэм къысхущIыхьэ.

- Ар схузэфIэкIынукъым, си Iэ лъэныкъуэр пытыжкъым.

ЦIыхубзым и Iэ лъэныкъуэр и щIыбагъымкIэ ирихьэкIри, мыдреймкIэ чырбышыр зырызу къищтэурэ унэм къызэрыщIихьэр лIым иригъэлъэгъуащ. ЦIыхухъур махуэ псом лэжьащ, пщIантIэм чырбышу дэлъар унэм щIихьащ. Абы и лэжьыгъэм пэкIуэ пщIэр иритри, унэгуащэм и «хьэщIэр» иригъэжьэжащ.

Илъэс зыбжанэ дэкIауэ, бзылъхугъэм и унэбжэм зыгуэр къытоуIуэ. Iуихрэ еплъмэ, щыгъын лъапIэхэмкIэ хуэпауэ, щхьэхъумэхэр и гъусэу, машинэ дахэхэр и щIыбагъ къыдэту лъэIуакIуэ къэкIуауэ щыта лIыр и пащхьэ къитщ.

- Мэ, мы ахъшэр къащтэ, мыр ууейщ, - жери къыхуеший.

- Сэ уэ щIыхуэ сIыпхакъым, сыт мы ахъшэ къомыр зищIысыр?

- Илъэс зыбжанэ и пэ уэращ къару къысхэзылъхьар, си IэкIэ ахъшэ къэзлэжьыжыным сытезыгъэгушхуар! Абы папщIэ мы ахъшэр къэблэжьауэ къызолъытэри, къысIых.

Зи Iэ лъэныкъуэр зыпымытыж лIы къулейм и нитIым щIэпллъэри, кууузэ гупсыса нэужь, цIыхубзым жиIащ:

- Сэ мы ахъшэм сыхуейкъым, зи IитIри зыпымытыж гуэрым ептмэ, нэхъ псапэщ.

● ЦIыкIухэм факъыхуеджэ

# Лэжьэреймрэ щхьэхынэмрэ

ЩIымахуэ махуэ гуэрым лэжьэреймрэ щхьэхынэмрэ мэзым пхъашэ зэдэкIуат. Лэжьэрейм уаери зыхимыщIэу джыдэр Iэрыхуэу игъэлажьэрт. Къехуэбэкi щыхъум, абы къэпталыр зыщихри ауэ щылъ жыг пыупщIам трилъхьащ.

МыдэкIэ гум къинауэ ис щхьэхынэр мэкIэкуакуэ, и дзэхэр фIызэтоуэ. Лэжьэрей щIыIэм зэримысыр игъэщIагъуэу йоупщI:

- Ар дауэ? Сэ джэдыгу сщыгърэ пэт щIыIэм сес, уэ джанэ фIэкI пщыгъкъым, итIани укъызэщIэплъащ.

- Уэ уи джэдыгур сытым щыщ, сэ си къэпталым елъытауэ. Зэрысщымыгъым хуэдэу итIани щIыIэм сригъэсыркъым. Плъагъуркъэ, жыг пызупщIам телъу аращ.

- КхъыIэ, дызэгъэхъуажэ, - къелъэIуащ щхьэхынэр.

- Ар мыхъунщ. ЖыпIэр сыт? Сэ дауэ сыхъужыну?

- Сидыкъыпэнущ щIыIэм, гущIэгъу къысхуэщI, - мэгъынанэ щхьэхынэр.

- Хъунщ-тIэ. Сомитху къэпталым къытелъхьи, фIыкIэ зыухьэ.

Щхьэхынэм сомитху трилъхьэри, къэпталыр къихъуэжащ. Лэжьэреймы мэз пыупщIын иухати, пхъэр гум кърилъхьэщ, джэдыгур зыщитIагъэри, унэм кIуэжащ.

Къэпталым куэд къыпхуищIэнт? Куэд имыкIуу щхьэхынэр нэхъри щIыIэм къисащ.

- Фынеуэ, псынщIэу, - егъэпIащIэ абы шыхэр.

Шыхэр псынщIэу кIуами, къапэщылъ гъуэгуанэр мащIэтэкъыми, щхьэхынэм щIыIэ хыхьэри сымаджэ хъуащ.

Лэжьэрейм джэдыгур зыщитIэгъэхукIэ щхьэхынэр игу къэкIыжурэ куэдрэ ауан ищIырт.

**МЭЛЕЙ ФатIимэ.**

● Гъуэгу къежьапIэ



**Анэдэлъхубзэр яIурылърэ хабзэм щIапIыкIыу щIэблэ къызыщIэхъуэ лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыдахэм шэч хэлъкъым. Сурэтым щыфлъагъу ныбжьыщIэхэр Къэхъун къуажэм щыщщ. КIэшхэ Тамирланрэ Нурсанэрэ здэкIуэ сабий садым куэдым зыщыхуагъэсэну хунэсащ, таурыхъхэр къыбжаIэжынущ, усэ къыпхуеджэнущ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгэ фащэм и мыхьэнэмрэ ар зыщыгъыр къызыхэкIам хуэфащэу щытын зэрыхуеймрэ хуагъэIущащ. Зи куэщI изыпIыкI я анэшхуэр я щапхъэрэ я адэ-анэр я гъуазэу къэхъу зэдэлъхузэшыпхъум я гъащIэр кIыхь Тхьэм ищI!**

● Псалъэ пэжхэр

# Хуитыныгъэм хущIэмыкъу щыIэкъым

♦Тыгъэ къуатам и уасэракъым гуапэр, ар къозытам и уасэращ.

♦ЦIыху губзыгъэр зэи имыIуэху хэлъэдэнукъым, губзыгъэу зыкъызыщыхъужращ дэни хэпкIэнур.

♦Ущыуэныр апхуэдэу бэлыхьышхуэкъым, пхузэмыхъуэкIыжын щыуагъэ пIэщIэмыкIамэ.

♦ГъащIэр зэи пIащIэркъым, цIыхухэращ пIащIэгъуэр зытельыр.

♦УщIалэху уделэр Iуэхукъым, адэкIи къыпумыщэмэ.

♦Лэжьыгъэ гуэр умыгъэзащIэу мы дунейм утетыныр гугъуехьщ.

♦Гугъэм щIэдзапIэ иIэ щхьэкIэ, уи гъащIэр бухыху кIэ иIэкъым, угугъэ зэпытурэ уешэ.

♦Сыт хуэдиз бзэ пщIэми мыхьэнэ иIэнукъым, уи бзэр къабзэу умыщIэжмэ.

**КIУРАШЫН Алий.**
*ХьэтIохъущыкъуей къуажэ*

● Зэвгъэцlыху

# Ломб Като

Ломб Като мэжэр зэдзэкIакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэщ. Дунейм япэ дыдэу жаIэр занщIэу зэзыдзэкIыу лэжьэн щIэзыдзахэм ящыщщ ар. Бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр гугъу демыхьу псынщIэу зригъэщIэфу зэрыщытаращ ар къэрал куэдым цIэрыIуэ щызыщIар. Хуиту ирипсалъэрт, иреджэрт, иритхэрт урысыбзэм, инджылызыбзэм, франджыбзэм, нэмыцэбзэм. КъыгурыIуэрт икIи зыхуей тIэкIур жиIэфт итальян, испан, япон, китай, лыхь бзэхэмкIэ. Псалъалъэр къигъэсэбэпурэ еджэфырт болгар, дат, румын, словак, украин, латынь бзэхэмкIэ.

Езыр химикт, ауэ и щIалэгъуэм щIидзэри бзэхэр иджащ. Като и гукъэкIыжхэр иту къыдэкIа тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм урысыбзэр щэхуу зригъэщIат, Гоголь Николай и «Мертвые души» тхыгъэм еджэурэ. Совет армэм Венгрыр къищта нэужь, советыдзэ администрацэм зэдзэкIакIуэу щылэжьащ.

Псэуху бзэщIэ зэрызригъэщIэным иужь итащ бзылъхугъэр. И IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм и фIыгъэкIэ къулыкъушхуэхэр иIыгъащ, КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм зэдзэкIакIуэу щылэжьащ. А IэнатIэр щиIыгъым къэрал куэд къызэхикIухьащ, абыхэм ятеухуа тхыгъэ куэд ихуащ Като къыдигъэкIа «ЗэдзэкIакIуэм дунейр къызэрызэхикIухьар» тхылъым.

ГъэщIэгъуэнщ Ломб ищIэу щыта бзэ 16-м я нэхъыбэр езым и закъуэу зэрызригъэщIар, абы папщIэ къигъэсэбэпари тхылъхэмрэ художественнэ тхыгъэхэмрэщ.

Ломб мызэ-мытIэу щыIащ СССР-м икIи и зэфIэкIхэм хуэфащэ пщIэ хуащIащ. Абы бгъэдэлъ зэчийм теухуа тхыгъэхэр къытехуащ «Наука и жизнь», «Огонёк» журналхэм.

Дунейм ехыжыным илъэс зыбжанэ фIэкIа имыIэжу (и ныбжьыр илъэс 90 хъууэ) ивритыр зригъэщIэну етIысылIат, хьэрыпыбзэр иджыну и мурадт.

* * *

Ломб Като «Сэ бзэхэр зэрызэзгъащIэр» и тхылъым и пэублэ псалъэм итщ:

«Сэ бзэхэр зэрызджым теухуа псалъэмакъ къэхъея нэужь, псоми упщIищкIэ зыкъысхуагъэзэ. Абыхэм сытым дежи естыж жэуапхэр зэщхьщ. Аращи, цIыху псоми яфIэгъэщIэгъуэн упщIэхэм я жэуапхэр щагъуэтын папщIэ згъэхьэзыра тхылъщ мыр.

*Япэ упщIэр:* **ЦIыхум бзэ 16 зригъэщIэфыну?**

*Жэуап:* Хьэуэ. А псори зэхуэдэу тэмэму зэбгъэщIэфынукъым, шэрыуэу урипсэлъэфынукъым. Сэ си анэдэлъхубзэр зыщ зэрыхъур - ар мэжэр бзэращ. КъищынэмыщIауэ, зэхуэдэу бзитху согъэшэрыуэ, ахэр сэ сщыщу жыпIэ хъунущ - урысыбзэ, инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыцэбзэ, мэжэрыбзэ. А бзэхэмкIэ сыт хуэдэ псалъафэри занщIэу схузодзэкI, тыншу дыдэу зэдзэкIакIуэу сролажьэ. Итальян, испан, япон, китай, лыхь бзэхэм срилэжьэн ипэ къихуэу, си Iэрытххэр къэзгъэсэбэпу махуэ ныкъуэкIэ къэспщытэжын хуейщ. Адрей бзэхэм художественнэ литературэ хэхахэр иризэздзэкIыу аращ.

*ЕтIуанэ упщIэр:* **Бзэхэр щхьэ йомыгъэджрэ?**

*Жэуап:* Сэ сыегъэджакIуэкъым. ЦIыхухэр бзэхэм хуебгъэджэн папщIэ бзэ куэд пщIэн хуейуэ аракъым. Егъэджэныр къалэн хэхащ, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ. Операцэ зэ ящIа цIыхум нэгъуэщI зыгуэр операцэ ищIыну ебгъэувалIэ хъурэ? Сэ апхуэдэм скальпелыр IэщIэслъхьэнутэкъым.

*Ещанэ упщIэр:* **Апхуэдиз бзэ пщIэн щхьэкIэ ямылей зэфIэкI гуэр ббгъэдэлъын хуей?**

*Жэуап:* Хьэуэ. Сэ сызэрегупсысымкIэ, гъуазджэм къищынэмыщIауэ, цIыхум сыт хуэдэ Iуэху ищIэфынуми зэлъытар езым абы хуиIэ жэрдэмырщ, егугъуныгъэрщ, жыджэрагъырщ. Псалъэр фIыуэ зылъагъухэм, езым и гупсысэмрэ нэгъуэщIым жиIахэмрэ къызэриIуэтэж бзэм и шэрыуагъым, беягъым мыхьэнэ гуэр езытхэм яхузэфIэкIынущ ар. Сэ ар згъэунэхуащ си Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ, цIыхухэм сепсалъэкIэрэ. Илъэс плIыщIкIэ сыкIэлъыплъащ абы.

**ШЫПШ Даянэ.**

● Шхыныгъуэхэр

## Нартыху пIастэ гъэжьэжа

Мы ерыскъыгъуэр пщэдджыжьышхэу ящIу щытащ. Нэху къекIа пIастэм и щхьэфэр трагъэжри бзыгъэ мыин дыдэурэ яупщIатэ, и Iувагъыр 1 см хъууэрэ. Тебэм сэхуран дагъэ иракIэри къагъэплъ, абы пIастэ бзыгъэхэр зэмыгъунэгъущэурэ халъхьэ, гуахъуэпэкIэ пIастэ бзыгъэ къэс зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. ПIастэ бзыгъэхэр зэрагъэдзэкIри а вэгъу, тхъуэплъ дахэ хъуам кхъуей шыугъэ пIащIэу упщIэтауэ тралъхьэ, IупщIэ къэс щахуэ шатэкIэ зэIыха бжьыныху уба, тебащхьэр трапIэри мафIэ цIыкIум тету дакъикъи 5 - 6-кIэ ягъэбэкхъ. Пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Тебэм къина дагъэмрэ шатэпсымри тепщэч цIыкIу иракIэри щхьэхуэу трагъэувэ. ПIастэ жьар а дагъэм хагъауэурэ яшх. Шэ хуабэ трафыхьыж.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):***

пIастэу - грамм 500,
сэхуран дагъэу - грамм 30,
шатэу - грамм 50,
кхъуейуэ - грамм 300,
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 20,
бжьыныху шыпсым халъхьэ шатэу - грамм 30,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

## Мэл кIапэ гъэжьа, кIэртIоф, бжьын, бжьыныху щIэлъу

Мэл кIапэр псы хуабэпцIкIэ ятхьэщI, ягъэгъущыжри грамм 50 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI. МащIэу шыгъу щахуэ. ИтIанэ тебэм иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри пэшхьэкум трагъэувэ, тебащхьэри трапIэж. МафIэ щабэм тету дакъикъи 10 хуэдизкIэ, псыр щIэвэщIэху, дагъэри къыщIидзыху ягъавэ. Дагъэ къыщIидзамкIэ кIапэр тхъуэплъ дахэ хъуху, дакъикъи 2 - 3-кIэ, ягъажьэ. ЗэрагъэдзэкIри абы халъхьэ IупщIэурэ упщIэта кIэртIоф, шыгъу траудэри тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 8 - 10 хуэдизкIэ зэзэмызэ зэIащIэурэ ягъажьэ, тхъуэплъ хъуху. ИтIанэ бжьынысщхьэ упщIэта халъхьэри, дакъикъи 2-3-кIэ ягъажьэ, бжьыныху убарэ шыбжий сыррэ халъхьэ, зэIащIэ, тебащхьэр трапIэжри хьэзыр хъуху, дакъикъи 5-6-кIэ, ягъажьэ. Мыбы хэплъхьа кIэртIофыр щызэIыпщIэкIэ къутэркъым, кIэртIоф бзыгъэ цIыкIухэм мэл кIапэ дагъэр зэщIафауэ, щабэу щытщ. Хуабжьу шхыныгъуэ къэуатщ. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ хуабэ и гъусэу. Шэ хуабэ трафыхьыж. Мы шхыныгъуэр сэбэпышхуэщ щIыIэ зыхыхьахэм я дежкIэ.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***

кIапэу - граммi 100,
псы щIыIэу - грамм 30,
кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 300,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 50,
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 20,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● ГушыIэ

## Дэнэ деж зыфIэздзэнур?

ЦIыхубзым кърата сурэтышхуэр унэм къихьащ. Ар блыным фIидзэну лIыр къэтэджащ:

- Дэнэ деж зыфIэддзэнур?

- Мес мо блыным, - сурэтыр зыфIидзэнур иригъэлъагъури, цIыхубзым адэкIэ къыпищащ, - гъущIIунэмрэ уадэмрэ ашыкым илъщ, йодымрэ бинтымрэ шкафым дэлъщ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Ди щIыпIэм щыбагъуэ удз гъэгъа щхьэ гъуэжь. **6**. КIэлъыплъыну, ихъумэну зыгуэрым пIалъэкIэ къыхуагъанэ. **8**. Нащэр къыщIамычурэ … щIэхъухьащ. **9**. «… мыкъу уврэ, … къуа зигъэщхърэ?» - псалъэжь. **10**. Зи жылэхэр фIыцIэ цIыкIу хъу къэкIыгъэ: дохутырхэм хущхъуэ, еIуящIэхэм афиян къыхах. **11**. Набдзэ … **13**. ЦIыхухъу вакъэ. **17**. Зи нэхэр кууу ис. **18**. Республикэм, щIыналъэ щхьэхуэм е къэралым я къалащхьэм зэреджэ. **20**. Хьыджэбз ирахьэжьамэ е шы гуартэ ирахужьамэ кIэлъыщIэпхъуэ гуп. **23**. КъикIуэт, шынэ зымыщIэ цIыху. **26**. Зэгуамыгъэжу бжэным траха фэ. **28**. Нарт щауэхэр зытелIэу Сосрыкъуэ къиша тхьэIухуд. **30**. Шыбжий фIыцIэм зэреджэ цIэ. **31**. Псы кIуэцIрымыкIын папщIэ шэху гъэткIуа ирагъэфа щэкI. **34**. УнафэщIым и Iуфэлъафэр къэзыжыхь хьэиху-бжэхуэщI. **35**. Дунейм ехыжам и цIэкIэ тхьэмыщкIэхэм ират Iыхьэ, ахъшэ. **37**. Анэр- нэм, адэр - … хуэдэщ. **38**. Ди щIыналъэм нэхъыбэ дыдэу къыщыкI жыг лIэужьыгъуэ. **40**. Хадэхэм щагъэкI гъурцым къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ щхъуантIафэ. **41**. ТепIэнщIэлъын.

***Къехыу:*** **1**. IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **2**. ХадэхэкI. **3**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гимныр зи IэдакъэщIэкI композитор. **4**. IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, Iэщхэм я Тхьэ. **5**. Лэскэн куейм къыщалъхуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **7**. Удз тхьэмпэшхуэ. **12**. ЯмыгъафIэми, унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфIэфIу ябж. **14**. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ шы лъэрызехьэ. **15**. Псы зыщIэмытыж. **16**. … вы бжьакъуэм къокI. **19**. ЩоджэнцIыкIу Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказым хэт цIыху, хьэжым игъэлIыщIа. **21**. Зиусхьэн лъэпкъ. **22**. … псы кIэрыпщIэрэ? **24**. ЕджакIуэм школым къыщигъэсэбэпхэм щыщ. **25**. Тэрч районым хиубыдэ къуажэ. **27**. Вакъэдыж Iэмэпсымэ. **28**. ШкIэ мэжэлIам и … макъ къэIуащ. **29**. Диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **30**. Бгырыпхыщхьэ. **32**. Цы кIэщI щабэ зытет щэкI Iув. **33**. ПщIантIэхьэ, хьэшхуэ. **36**. Лэскэн районым щыщ къуажэ. **39**. Тхылъым и «напэ».

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Гъатхэпэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Умар. **6**. Гулъэф. **9**. Едзыгъуэ. **10**. Хьарып. **12**. Лъэпэд. **13**. ШхупщIатэ. **14**. Хьэкъурт. **15**. Къущхьэхъу. **16**. Гупэ. **18**. Салимэ. **21**. ПщампIэ. **24**. Пшэ. **25**. Лъэгудыгъуэ. **26**. Усэ. **27**. Емынэжь. **28**. Псыкуэд. **29**. Вэгъу. **30**. Щтауч. **33**. Уардэ. **39**. Абазэхэ. **40**. Къамыл. **41**. Жьэгъупс. **42**. Шэджэм. **44**. Тхьэв. **45**. Къунан.

***Къехыу:*** **1**. Уахъты. **2**. Абрагъуэ. **3**. Яе. **4**. КъыпщIэ. **5**. Iуэ. **7**. Лъэпахъуэ. **8**. Фэдэн. **11**. Пшэр. **12**. Лъэпщ. **17**. Псыдыуэ. **19**. Ахъшэм. **20**. Малъхъэ. **22**. Щхьэпс. **23**. ПIастэ. **31**. Тхьэмпэ. **32**. Урал. **34**. Адэжь. **35**. Дэбгъуэн. **36**. Сэкъат. **37**. Бзаджэ. **38**. Хьэсэн. **42**. Шху. **43**. Мы.

● Фэ фщIэрэ?

# Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Воробей каменный** - къуршбзу, къуршбзуужь.

**Дрозд каменный синий** - бзущIыху, бзуупцIэщIыху.

**Дупель** - бжьыхьэджэд.

**Жаворонок белокрылый** - бзудамэху, бзудамэхужь, дамэху.

**Журавль венценосный** - къурущхьэгумэ.

**Каравайка** - шэмэджыпэбзу.

**Кваква** - псыхэуэпщагуэ.

**Голубь** - тхьэрыкъуэ.

**Горихвостка водяная** - псыбзукIэплъ

**Грифы Старого Света** - бгъэ пIащэ гуп.

**Лебедь** - къыу

**Мухоловка-белошейка** - бзупщэху.

**Овсянка черноголовая** - кIырыкъщхьэфIыцIэ.

**Орёл горный** - къуршыбгъэ.

**Пеночка зеленая** - цIужьомэудзыфэ.

**Орёл-карлик** - бгъэжьей.

**Пеночка желтобрюхая** - ныбгъуэщIэф.

**Поползень канадский** - къэбцIацIэцIыкIу.

**Попугай** - дыдыкъуш.

# КIэртIофым бжьыныху хэбдзэмэ, нэхъ Iэфl мэхъу

● Унэгуащэхэм папщIэ

**●Бжэныл ягъэгъуркъым, ягъэгъупцIу арaщ.**

**●КIэртIоф гъэжьа зэрылъ тебэм и щхьэр тепIауэ куэдрэ щыбгъэтмэ, йоуцIыныхь.**

**●Джэдыр щIэмыкIэцIэн щхьэкIэ, абгъуэм зы джэдыкIэ (абгъуэрынэ) кърнэ.**

**●ПIащIэ хъуа шыпсым бажэ шыпскIэ йоджэ.**

**●Джэшыр хуабапIэм щахъумэркъым, хьэпIацIэ хещIэри.**

**●Къуэнтхъурей цIынэ куэд пшхыреймэ, жьэжьейр егъэкъабзэ.**

**●Дэшхуэр яшхыну сэбэпышхуэщ лъы зи мащIэхэм, щыгъупщэххэм.**

**●ГъэтIылъыгъэ ящIа кхъуейр яшхыну къыхаха нэужь псы щIыIэ дагъэжэх. Пхуэмышхыу къэнар хэплъхьэж хъунукъым, кхъуейр щащэ ещI, зэIегъэхьэ.**

**●Шыгъу ипкIутынуи утеувэну гуэныхьышхуэ пылъу къалъытэ.**

**●Хугу хьэжыгъэр щагъэлъкъым, дыдж мэхъури.**

**●Ху мэжаджэ нэхъ щащIыр сабийм лъэтеувэ щыхуащIым и дежщ.**

**●Къэб яупщIэтар е зэгуаудар ямыгъавэу е ямыгъажьэу махуитI нэхърэ нэхъыбэ щагъэлъкъым, зэIохьэри.**

**●Хъарбыз, хъэуан, нащэ, пIэтрэжан, мыIэрысэхэкI яшха нэужь псы трафыхьыжыркъым, дзэр гъуабжэ ещIри.**

**●Бжьыныхур хьэкъущыкъу улъийм илъу буб хъунукъым, фIыцIэ мэхъу, витамин С-ри мэкIуэд.**

**●КIэртIоф укъэбзар щагъавэкIэ псым бжьыныху хьэдзэ зытIущ хадзэмэ хуабжьу IэфI мэхъу икIи мэ дахи къыхрегъэх. А псыр сэбэп яхуохъу щIыIэ зыхыхьахэм.**

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 2, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(3, 5, 6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ, *компьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 4.766 ●Заказ №493